

## ЦАРДИ БЕРÆ НÆДТÆН СÆ ЦИТГИЙНАГДÆР – ФÆЛЛОЙНИ НАД!..

***Августи фæстаг хуцаубони Уæрæсей бæрæггонд фæццæуй шахтери Бон. Еци бæрæгбон хеуон æй Цæгат Иристони дзиллæн дæр – нæ республики шахтери кадæ æ рæстæги игъустгонд адтæй æнæгъæнæ Советон Цæдесбæл. Æхсæз си иссæнцæ Социалистон Фæллойни Бæгъатæртæ: Дудуйти Петр, Бесолти Аслæнбег, Урусти Владислав, Хъайтухъти Темболат æма Хæдарцати Хъантемур.***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

№31 (812) 2021 анзи 28 август – сухи мæйæ

Аргъ 1 туман


# ЦÆГАТ ИРИСТОНИ ИДАРДДÆРИ РАЙРÆЗТÆН ФÆЗЗИНДЗÆНÆЙ АГЪАЗИАУДÆР РАВГИТÆ



Уæрæсей Президент **Владимир Путинæн** æрæги косæг фембæлд адтæй Цæгат Иристони Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Сергей Меняйлои** хæццæ. Сæ дзубандий бæлвурдæй æркастæнцæ республики идарддæри экономикон райрæзти фарстатæмæ.

Уæрæсей Президент куд баханхæ кодта, уотемæй республики фæрнугадæмæ надбæл берæ ахсгиаг гъуддæгутæбæл бакосун гъæуй.

– Комкоммæ зæгъæн ес: уавæри нивæбæлдзийнадæн берæ лухкæнуйнаг фарстатæ райеуварс кæнун гъæуй, – загъта Владимир Путин. – Республики рæсугъддзийнæдтæ деси æфтаунцæ, æ адæм дæр зæрдæмæдзæугæ ‘нцæ, идарддæри размæцудæн дæр хуарз фадуæттæ ес.

Сергей Меняйло Президентæн райарфæ кодта, республикæмæ еудадзуг бæстонæй æ цæстæ ке даруй, уæдта ин радзурдта, республики разамунд уæлдай бундоронæй ци фиццаградон нисанти фæдбæл архайуй, уой туххæй.

Æргом æздæхт æрцудæй Беслæни социалон-экономикон ирæзтмæ. Нуртæккæ сахари райтинг æй социалон инфраструктури ахсгиаг объектти арæстадæ æма цалцæг. Уони нимæдзи: тагъд медицинон агъази станцæ, поликлиникæ, аййевадон æма музыкалон скъолатæ, æригон техниктæ æма натуралистти станцитæ, стадион «Пищевик» æма уотæ идарддæр.

2

### АХСГИАГ ФАРСТА



## ЦÆМÆЙ ÆДАС УОНЦÆ НÆ КÆСТÆРТÆ

Фæлтæрæй-фæлтæрмæ нæмæ уæхæн фæткæ исфедар æй, æма нæ еугур дзиллæн дæр нæ ахурдзау кæстæртæн сæ тæккæ æхцæуæндæр æма райдзастдæр бæрæгбон уидæ фиццаг сентябрь – ахури нæуæг анзи райдайæн – уидæ нæ еугурадæмон бæрæгбон. Уидæ... 2004 анзи 1 сентябри уæнгæ... Æвддæс анзей размæ еци бæрæгбони бон Цæгат Иристони æнæнгъæлти фестадæй зæрдрист æма хъонци бон. Уæд сæумæраги лæгсирдти къуар балæбурдтонцæ Беслæни фиццаг астæуккаг скъоламæ, сæ тогмондаг митæй æй зиндонæ фестун кодтонцæ...

8

### АХСГИАГ ФАРСТА



## ПАДДЗАХАДÆ ÆЙ ТУХГИН Æ ТУХГИН ÆФСАДÆЙ!..

***Нæ республики Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Сергей Меняйло æрæги архайдта, Мæскуй фалдзос парк «Патриот»-и фæзуати æфсæддон-техникон форум «Æфсад-2021» байгон кæнуни кадгин мадзали. Ардæмæ æрбацæуæг дзиллæн сæрмагонд равдисти агъазиау экспозицити фæрци равгæ фæцæй нæ бæсти гъæуайкæнуйнадон-промышленнон комплекси кустуæтти аллихузон продукций хæццæ бæлвурдæй базонгæ ун.***

Форум байгон кодта Уæрæсей Федераций Президент **Владимир Путин** æма æ радзубандий уотæ загъта:

– Уæрæсей ес, сæрустур цæмæй уæн, уæдта не ‘мцæдесонтæ æма æмгустгæнгутæн ци багъарæн, е. Фæстаг æнзти дæргъи æнæкъулумпийæй царди уагъд цæуй хуæцæнгæрзтæй ефтонг кæнуни паддзахадон программæ æма гъæуайгæнæнпромышленнон комплекси хъаурæгин исарæзти даргъæмгъуди программæ дæр. Не ‘фсад æма флот еудадзуг нæуæгдæргонд цæунцæ, есунцæ фæстаг фæлтæрти тæккæ хуæздæр хуæцæнгæрзтæ æма техникæ. Стратегион ядерон тухти хай нуриккон хуæцæнгæрзтæй ефтонг кæнуни гъуддаг нерæнгæ хъæртуй цуппаринсæй процентемæ. Е дзæвгарæ фулдæр æй, дуйней иннæ ядерон бæстити цæйбæрцæ ес, уомæй. Æнтæстгинæй æнхæстгонд цæунцæ хуæцæнгæрзтæ æма техникæ, æма уони исонибони хузæгти тугъдгъонддзийнадæ фæгъгъомусгиндæр кæнуни проекттæ дæр.

3

### ИМИСÆН ЦÆГÆРАТИ НИКОЛАЙИ ФУРТ МАКСИМИ РОХС НОМ...



*Цæгат Иристони адæмон финсæг, нæ республики аййевæдти æскъуæлхт архайæг, Цæгат Иристони Хетæгкати*

## «ХУÆРЗБОН УИН НÆ ЗÆГЪУН...»

***Къостай номбæл Паддзахадон премий лауреат Цæгæрати Николайи фурт Максими райгурдбæл 27 августи исæнхæст æй фондз æма фондзинсæй анзи (1916-1990). Æма ин абони æ рохс ном имисæн. Мæнæ фиццаг фарсбæл ин кæсетæ æ новеллæ «Хуæрзбон уин нæ зæгъун...», иннæ æрмæгутæ ба мухургонд æнцæ 4-7 фæрстæбæл.***

***

Æнзтæ... Æрæги дæр ма мæмæ уотæ кастæй, цума уин кæрон некæд уодзæнæй. Æма цудтæн, мæ зæрдæ мæ хаста еу уодæй иннæ уодмæ, еу рагъæй иннæ рагъмæ, еу æфцæгæй иннæ æфцæгмæ. Кæми деденгун игуæрдæнти, кæми мети хъæпæнти, кæми æхсæви мæйдари, кæми боницъæхти, хори тунти, карз уарунти. Мæ сæнттæ, мæ бæллецтæ мæ еу рауæн æрбадун нæ уагътонцæ. Цæмæдесæй кастæн алцæмæ дæр. Цал æма цал хатти мæ расайдтонцæ сæ фæдбæл еци мегъгун сæумитæ, еци зарагæ æхсæрдзæнтæ. Тæлми буни римæхст бæрзæндтæ. Цума бонæйбонмæ нæуæгдæр кæнун, цума еу хорискастæй иннæ хорискастмæ бæстæ нæуæгæй-нæуæгдæр кæнуй.

Гъо, уотæ мæмæ кастæй алли хатт дæр! Фал... Уогæ, уотæ æмбалдæй. Æ исонибонбæл ка не ‘ууæндуй, е исонибонмæ нæ бахъæртуй. Айдагъдæр æнзтæ, рæстæг... сæ куст бакодтонцæ – бонæй-бонмæ федардæр бæттунцæ къабæзтæ, уæззауæй-уæззаудæр æнцайунцæ зæрдæбæл...

Еугæр адæймаг балци цæунмæ зийнадæ кæнун райдæдта, бийнонтæй æй æ къах нæбал хæссуй, уæд е æнæбазур маргъæй уæлдай ци ‘й?

Æгæр раги ратахтайтæ, æгæр раги мæбæл исистайтæ уæ къох, мæ цъæхцæстæ сæумитæ, ме ‘стъалугун æхсæвтæ. Бæргæ ма уæмæ бæллун, бæргæ ма уæмæ тæходуй кæнун, фал фæстæмæ дæр нæбал кæсетæ, æндæртæй уæ нæбал евдæлуй мæнмæ. Ци ма уин мæ бон æй? Зонун æй, нæбал мæмæ раздæхдзинайтæ, нæбал мæ раскъæфдзинайтæ уæ рæуæг базуртæбæл, уæ тæлфгæ сæнттæбæл.

Нецæмæй уи гъаст кæнун. Нецæмæй ми рагъаст кæндзинайтæ сумах дæр. Некæд уæбæл байаурстон. Некæд мæбæл байаурстайтæ сумах дæр. Мæ бон уæбæл цæйбæрцæ цудæй, уой бæрцæ уи мæ мондæгтæ исуагътон. Айдагъдæр уи æфсæдгæ некæд бакодтон. Уогæ уи ка кæд бафсастæй? Цума зæнхæбæл ка цæруй, уонæй еске цардæй фагæ ‘й, зæгъгæ, загъта? Æригон ка некæд адтæй, айдагъдæр уæхæн! Æма уони цард ба гъæугæ дæр неке кæнуй.

Тæхетæ, уайетæ æнзтæ, рæстæг! Кæми зуймон уазалти хузæн тузмæгæй, кæми ба хорискасти хузæн ходгæй. Æнæ цийнæ, æнæ гъигæ маке ниууадзетæ. Хуæрзбон уин нæ зæгъун: - фæндараст!..

*Французаг финсæг Гюстав ФЛОБЕР (1821-1880) финста: «Æхсæнади бартæ куд тæбуйаг æнцæ, уотæ табуйаг æнцæ еу адæймаги бартæ дæр, æма еци æнæмæнгæ æцæгдзийнади нихмæ неци æрæвæрæн ес, тухмиуæй æндæр... Адæми кадæ æма намуси туххæй дзубандитæ мæмæ хаттæй-хатт айуани хузæн кæсунцæ...»*


Фиййагдони Республикон пульмонологон центр



# ЦÆГАТ ИРИСТОНИ ИДАРДДÆРИ РАЙРÆЗТÆН ФÆЗЗИНДЗÆНÆЙ АГЪАЗИАУДÆР РАВГИТÆ

1 Сæрмагонд фæрæзнитæ дехгонд цæунцæ, Беслæни фиццаг скъолай арæзт террористон фудракæнди гъигæдард ка баййафта, еци адæмæн медицинон агъаз æма социалон реабилитацийæн.

Бони фæтки адтæй Беслæни мемориалон комплекси арæзтадæ дæр. Æрæги куд исбæрæг æй, уотемæй терроризми профилактики Центри арæзтади фиццаг къæпхæнæн дехгонд æрцæудзæнæй 75 миллион сомей бæрцæ.

Уой хæццæ, Сергей Меняйло Президенти æргом раздахта еуæй-еу лухкæнуйнаг фарстатæмæ дæр. Æ дзубандимæ гæсгæ, Беслæни идарддæри социалон-экономикон райрæзти программи ци мадзæлттæ иснисан кодтонцæ, уонæн сæ еугуремæн гъæугæ æхцай фæрæзнитæ нæма радех кодтонцæ. Беслæни фæндаггон-транспортон хизæги райарæзт, социалон нисанеуæги программитæ, теракти бахауæг адæми ахурадæ æма реабилитаци æма иннæ уæхæн мадзæлттæн 2025 анзи уæнгæ нисангонд цæуй 800 миллион соми. Фал еци бæрцитæмæ еуæй-еу æййивддзийнæдтæ бахæссун гъæудзæнæй. Владимир Путин зæрдæ байвардта, Беслæни идарддæри социалон-экономикон райрæзти программæ æнхæст кæнунæн гъæугæ фæрæзнитæ фиццаградон фæткæмæ гæсгæ дехгонд ке цæудзæнæнцæ, уомæй.

Сергей Меняйло куд радзурдта, уотемæй республики экономикон ирæзтæн агъаз уодзæнæнцæ цæмæдессаг туристон проекттæ дæр. Йæ дзубандимæ гæсгæ, нæуæг туристон кластер исаразунæн республики хуарз фадуæттæ ес. Уони нимæдзи: хуæнхон – рекреацион комплекс «Мамисон»-и арæзтадæ, уæдта санаторитæ æма курортти (уомæн ба сæйрагдæр рахуæцæн – хуæдбундор минералон дæнттæ) райрæзт. Нисангонд цæунцæ æндæр проекттæ дæр.

– Еци программитæ царди рауадзунæн агъаз уодзæнæй сæрмагонд федералон проект «Туризм æма иуазæгуарзондзийнади индустри», – баханхæ кодта Сергей Меняйло. – Федералон проекти мадзæлттæ Цæгат Иристонбæл дæр ку рахъæртонцæ, уæд инвесторæ фулдæр æргом раздахдзæнæнцæ республикæмæ. Уогæ, нуртæккæ дæр нæ туристон проекттæн агъазиау компанити минæвæрттæ цæмæдесдзийнадæ æвдесунцæ. Уой хæццæ, федералон



проект уæлæнхасæн фадуæттæ ратдзæнæй республики туристон гъомус хъæбæрдæр раргом кæнунæн.

Аци æма иннæ фæндæнттæ Президент хуарзбæл банимадта. Уомæй уæлдай, федералон программитæй еуемæ хаст æрцæудзæнæй медицинæ æма реабилитаций Республикон центр дæр (аци косæндонæ рагæй райаразуйнаг æй).

Федералон центри агъаз багъæудзæнæй Республикон пульмонологон центри цалцæги гъуддаги дæр.

– Фиййагдони ци медицинон косæндонæ ес, уоми дзæбæх кæнунцæ айдагъ Иристони цæргути нæ, фал синхаг регионти минæвæртти дæр, – загъта Сергей Меняйло. – Еци центри хуарз фадуæттæ ес рæугути незтæ дзæбæх кæнунæн. Уой хæццæ ин гъæуй æ архайд фæгъгъомусгиндæр кæнун. Хуарз уайдæ, æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади къабази модернизаций федералон программи фæлгæти аци центри цалцæг æнхæстгонд ку ʻрцæуидæ, уæд. Уомæй уæлдай ма, Центри исаразун гъæуй уæлæнхасæн бæстихай дæр.

Республики разамонæг ма бæлвурдæй радзурдта Цæгат Иристони гъæууон хæдзаради абониккон уавæри туххæй дæр. Куд загъта, уотемæй агропромышленнон комплекси кустуæттæ фулдæр кæнунцæ продукций рауагъд. Фæффулдæр æй хуари, рæзæ æма халсарти тиллæг, ирæзти надбæл æй кæсалгæдарунади къабазæ дæр.

Сергей Меняйлойи гъудимæ гæсгæ агропромышленнон къабази цæмæдессагдæр проектти дæр гъæуй федералон агъаз.

Президент зæрдæ байвардта, Цæгат Иристони гъæууон хæдзаради идарддæри райрæзти фарстатæмæ федералон центри ʻрдигæй лæмбунæг цæстдард ке уодзæнæй, уомæй.

Сæрмагонд дзубанди рауадæй, æ рæстæги сæ архайд ци кустуæттæн æнæбари уорæд æрцудæй, уони идарддæри хъисмæтбæл дæр. Зæгъæн, нуртæккæ Цæгат Иристони промышленнон фæзуæтти дууæ миллион квадратон метри бæрцæй æгириддæр пайдагонд нæ цæуй. Уæхæн кустуæттæй еу – завод «Электроцинк». Аци кустуатæн æ фæзуат æй 64 гектари бæрцæ, æ кустадон фæзуæтти еумæйаг бæрцæ ба – 432 мин квадратон метри.

Еци къурцдзæвæнæй рацæуни нисани хæццæ урух æмгустадæ цæуй федералон ведомствити хæццæ. Цæттæгонд цæунцæ еци промышленнон фæзуæтти индустриалон парктæ æма кустадон технопарктæ исаразуни программитæ. Уомæй уæлдай, республики кустуæтти еу хай исуодзæнæнцæ паддзахадон корпораци «Ростех»-и дæлхайæдтæ. Еци æууæл син ратдзæнæй промышленнон кустадæ нæуæгæй рапарахат кæнуни фадуат.

– Кæддæр Иристони зундгонд ци 155 агъазиау кустуати продукцийæй адтæй, уонæй ма нуртæккæ байзадæй 36, – загъта Сергей Меняйло. – Цæмæй сæ нимæдзæ нæуæгæй ирæзун райдайа, уобæл еумæйаг хъауритæй бакосдзинан «Ростех»-и разамунди хæццæ.

Аци гъуддаги нæ багъæудзæнæй федералон Хецауади агъаз дæр.

Республики разамонæги дзубандимæ гæсгæ, аци æма иннæ фарстатæбæл куст цæуй федералон министрæдти минæвæртти хæццæ.

Цæгат Иристони Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Сергей Меняйло Президенти æргом ма раздахта, Цæгат Иристони идарддæри социалон-экономикон æма культурон райрæзт цæмæй æнтæстгиндæрæй цæуа, уой фæдбæл æнæмæнгæ райаразуйнаг æндæр ахсгиаг фарстатæмæ дæр.

Сæ дзубандийæн хатдзæгтæ кæнгæй, Владимир Путин куд фæббæрæг кодта, уотемæй бони фæтки еугур фарстати фæдбæл дæр бæлвурд амунддзийнæдтæ лæвæрд æрцæудзæнæй федералон Хецауадæ æма профилон ведомствити разамонгутæн. Уой хæццæ, Президент æ гъудитæ фæббæлвурд кодта, республики идарддæри социалон-экономикон райрæзтбæл косгæй, фиццаградон æргом ци фарстатæмæ раздахун гъæуй, уой туххæй.

# ЦÆМÆЙ ДЗИЛЛОН ВАКЦИНАЦИЙ ФÆТКÆ АХЕДГÆДÆР УА

Цæгат Иристони Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Сергей Меняйло** архайдта, Уæрæсей Федераций Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Татьянæ Голикова** федералон ведомствитæ æма регионти разамонгути хæццæ ци видеоконференци исаразта, уоми.

Æмбурди архайгутæ ʻркастæнцæ, коронавируси инфекци парахатдæр кæнунæн регионти æмвæзадæбæл ци санитарон гæрæнтæ æвæрд цæуй, уæдта, дзиллон вакцинаций мадзæлттæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уомæ.

Цæгат Иристони исæвзургæ эпидемиологон уавæри туххæй адтæй æ радзубанди Сергей Меняйлойæн. Республики разамонæги дзубандимæ гæсгæ, абони уæнгæ региони дзиллон вакцинаций мадзæлтти архайдтонцæ 113 мин адæймагемæй фулдæр. Фиццаг къæпхæни республики байгон æнцæ вакцинаций 12 стационарон пункти поликлиникитæ æма æндæр сæрмагонд бунætти. Нуртæккæ ма уонæмæ никкидæр бафтудæй 47 уæлæнхасæн бунати – фельдшерон-акушерон пункттæ æма амбулаторитæ. Уой хæццæ, федаргонд æрцудæнцæ вакцинацигæнæн 32 мобилон бригади.

Уомæй уæлдай, медицинон косгутæ æма волонтертæ рæстæгæй-рæстæгмæ рабалци кæнунцæ гъæууон цæрæн бунæттæмæ. Уоми, адæми æнæнездзийнади уавæр исбæрæг кæнунæй уæлдай, кæнунцæ лæдæрунгæнæн куст иммунизаций уагæвæрдти туххæй дæр. Сергей Меняйлойи дзубандимæ гæсгæ, уæлдай лæмбунæгдæр цæстдард ес рацæргæ адæми уавæрмæ. Специалисттæ хæдзарæй-хæдзарæмæ æрзелунцæ, 60 анземæй фулдæр кæбæл цæуй, еци адæмбæл, æма син æрдзорунцæ вакцинаций пайдай туххæй.

Федералон агентадæ «Роспотребнадзор»-и разамонæги хуæдæййевæг Еленæ Ежлова æ радзубандий сæйраг æргом раздахта, федераций регионти цæргутæн коронавирус рабæрæг кæнуни тесттæ куд арæзт цæунцæ, уомæ. Агентади минæвар куд фæббæрæг кодта, уотемæй Цæгат Иристони фæййахедгæдæр кæнун гъæуй тесттæ æнхæст кæнуни фæткæ. Уæхæн мадзал фадуат ратдзæнæй, незы тæвагæ кæмæ бахъæрдтæй, фал æндаг бакастæй базонæн кæмæн нæма ес, еци адæймаги æнæнездзийнади æцæг уавæр рагагъоммæ рартасунæн. Æма, адæймагмæ коронавирус райдайæн къæпхæнбæл ку исбæрæг уа, уæд æй, ке зæгъун æй гъæуй, афойнадæбæл дзæбæх кæнун дæр райдайдзæнæнцæ, уæдта незæфтауæгæй æ биййнонтæ æма зонгитæ дæр æдасдæр уодзæнæнцæ.

Еци æууæлбæл дзоргæй, Сергей Меняйло куд фæннисан кодта, уотемæй адæми хæццæ уæхæн куст цæуй.

– Медицинон æма иннæ профилон ведомствитæ сæ архайд уотæ райаразтонцæ, цæмæй адæми рахаст вакцинаци æма хе гъæуайкæнуйнади иннæ мадзæлттæмæ фæббæрнондæр уа. Зæгъæн, дохтирти мобилон къуæрттæ аци къуæрей райдайæнæй фæстæмæ еудадзугдæр рабалци кæнунцæ гъæууон районтæмæ. Уоми бунæттон цæргутæн исаразунцæ цæстдарди мадзæлттæ. Адæми ʻхсæн кæнунцæ урух рохситауæн-лæдæрунгæнæн куст дæр, –бафеппайдта Цæгат Иристони разамонæг.

Видеоконференций архайгутæ фæббæрæг кодтонцæ дзиллон вакцинаций мадзæлттæ фæййахедгæдæр кæнуни фæдбæл фæндæнттæ.

*Цæгат Иристони Сæргълæууæги æма Хецауади пресс-службæ*

**Дуккаг дуйнеуон тугъди (1939-1945) фæууни Бонбæл нури уæнгæ нимад 2 сентябрь бæргæ цудæй, фал æ дзурд нимад кæмæн цæуй, уони фæндæй æй райййивтонцæ 3 сентябрмæ.**

***Советон Цæдеси Бæгъатæр, æфсади инæлар ХЕТÆГКАТИ Геуæрги (1903-1975) финста: «Æригон адæймæгути æфсад уарзунбæл, уой æгъдæуттæбæл æфтаун – е æй алли хецауи кæдзос ихæс. Нæ Гæрзефтонг Тухти намусгин евгъуд рæстæгутæмæ æргом æнæ раздæхгæй, нецихузи ес тугъдон исгъомбæлгæнæн...»***



# ПАДДЗАХАДÆ ÆЙ ТУХГИН Æ ТУХГИН ÆФСАДÆЙ!..

Се ‘хсæн ес уæлдæрмурон авиацион-ракетон комплекс «Кинжал», æнæтæхæг идардмæ тæхæн аппарат «Охотник». Аци хуæцæнгæрзтæй беретæн сæ тактикон-техникон менеугутæмæ гæсгæ сæ хузæнттæ нæййес дуйнеи, кæцидæр хузæгтæй ба федарæй зæгъæн ес æма дæргъвæтийнæ рæстæг нæ уодзæнæй.

Æфсæддон форум æй аллинанзон æма нур арæзт æрцудæй æвдæймаг хатт. Аци анз байгон æй 22 августи æма цудæй аст боней дæргъи. Æ сæйрагдæр нисан иссæй, ка си архайдта, уони равдистон мадзæлтти фæрци бæрзондтехнологон кустади къабази нæуæг гъудити æма æнтæстдзийнæдти хæццæ базонгæ кæнун. Архайгæ ба си кодтонцæ делегацитæ сæдæмæ хæстæг паддзахадемæй, уонæй æртæ æма дууинсæйей æфсæддонтæ ба ерис кодтонцæ æфсæддон гъæзтити: сæ арæхстдзийнадæ æвдистонцæ танкитæ æскъæрунæй, хуæдтæхгутæбæл, наутæ æма дзармадзантæй æхсунæй.

* * *

Нæ фидибæстон Гæрзефтонг Тухти Сæйрагкъамандæгæнæг –Уæрæсей Федераций Президенти, уæдта Уæрæсей гъæуайкæнуйнади министри амунддзийнæдтæмæ гæсгæ форум «Æфсад» алли анз дæр арæзт æрцæуй нæ бæсти еугур регионти дæр. Уотæ – Цæгат Иристони дæр. Æма сæрмагонд мадзæлттæ майрæнбони, 27 августи райдæдтонцæ Гизæли фалдзос ДОСААФ-и авиаклуби полигони æма цæудзæнæнцæ æртæ бони. Арæзт æрцæудзæнæй нуриккон æфсæддон техники равдист. Нæкæси, куд нисангонд цæуй, уотемæй аци полигон исуодзæнæй æфсæддон-патриотон клуб «Авангард»-и еудадзугон фæзуат. Ами арæзт цæудзæнæй æфсæддон-патриотон гъомбæлади хæццæ баст аллихузон мадзæлттæ.

Нур ба – Цæгат Иристони форум «Æфсад-2021» куд райдæдта, уой туххæй бæлвурддæрæй. Уоми архайунмæ нæ республикæмæ æрæмбурд æнцæ Хонсайраг зилди æфсæддон хæйтти минæвæрттæ.

Бæрæгбон байгон кодта 58-аг æфсади къамандæгæнæг, инæлар-лейтенант **Михаил Зусько**. Нæ бæсти гъæуайкæнуйнадæ æма æфсæддон цæттæдзийнадæ гъомусадондæр кæнуни фæдбæл нæмæ ци берæ нæуæг æма агъазиау гъуддæгутæ арæзт цæуй, уонæбæл бæстонæй дзоргæй, е æ радзубандий баханхæ кодта:

- Абони Иристони кадгин зæнхæбæл æртиккаг хатт райдæдта нæ еумæйаг æфсæддон-техникон форум. Форуми нисан æй нæ бæсти цæргутæн равдесун не ‘фсæддон гъомус, тугъдон тухтæ, не ‘фсæддон наукæ ке нæ фесавдæй, фал агъазиау къахдзæфтæй размæ ке цæуй æма ирæзуй, уой. Паддзахадæ нин ци хуæцæнгæрзтæ равардта, етæ нифсгун æма æууæнкгун къохти ке ‘нцæ, не ‘фсæдтæ ба – дуйней сæ еугуремæй хъаурæгиндæр.

Форуми архайгутæн зæрдиагæй райарфæ кодта нæ республики Сæргълæуууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Сергей Меняйло**.

- Форум «Æфсад»-и æвдæймаг мадзали Мæскуй нæ Президент бæлвурд радзурдта, абони нæ паддзахадæ багъæуай кæнуни мадзæлттæн нæмæ еугур фадуæттæ, хуæцæнгарз æма техникæ ке ес, уой фæдбæл. Сæйрагдæр æй æдасдзийнади фарста, æма ибæл лæмбунæг архайд ке ‘рцудæй, нæ бон ке æй нæ сабур цард багъæуай кæнун, æма æ тугъди цаутæ, фидбилизтæй бахезун.

Æ радзубандий Сергей Меняйло уой дæр ма баханхæ кодта, æма, дан, æфсæддон-техникон форум «Æфсад-2021» ци æфсæддон техникæ равдиста, уонæн сæ еу хай уæддæр ку адтайдæ Устур Фидибæстон тугъди нæ тугъдон фæсевæди къохти, уæд ни уойбæрцæ адæм дæр нæ фæгъгъудайдæ. Аци техникæ æма хуæцæнгарзæн дуйнеи æмбал нæййес. Дуйнескæнæг Устур Хуцау зæгъæд, æма аци тугъдон гæрзтæ макæдбал багъæуæнтæ царди, айдагъдæр сæ мæнæ ауæхæн равдистити куд уинæн, уомæй уæлдай.

Форумæн уæлдай устурдæр ахедундзийнадæ ес фæстаг рæстæг, Уæрæсей арæнтæмæ хæстæг абони ци геополитикон уавæр исæвзурдæй, уой зæрдæбæлдаргæй, гъæуй æфсæддонтехникон гъомус бæрзонддæр исесун æма нæ гъæуайкæнуйнади тухтæ дæр фæддувæр кæнун. Аллианзон форум исаразуни фæлгæти æфсæдтæ федардæр кæнунцæ æфсæддон-техникон æмгустади бундорбæл. Нæуæгæй-нæуæгдæр тугъдон еуæгтæ фæззиннуй нæ бæсти ‘фсади.

Авиаклуб «ДОСААФ»-и будури цинæхузон тугъдон техникæ, хуæцæнгæрзтæ æма ефтонггæрзтæ адтæй, уæхæн, æвæдзи, нæбал байзадæй. Нуриккон хузтæ, сæрмагонд æма музейон экспонаттæ, сауæнгæ æфсæддон уæледарæси уæнгæ. Уомæй уæлдай фæууинæн адтæй, æфсадæн гъæугæ дзаумæуттæ ка уадзуй, еци кустуæтти продукци, аййевадон, адæмон промыслити æма мухури фæрæзнити равдиститæ дæр. Форуми иуазгутæн фадуат фæцæй тугъдон хуæдтолгути экипажи иуонгæй хе банкъарун ахурадон компьютерон тренажербæл, сæ хъауритæ бавзарун æхсæн тири æма, ке зæгъун æй гъæуй, салдати касæй исахуадун. Тæккæ минкъийдæр иуазгутæн ба арæзт æрцудæй гъазæн фæзæ.

Форуми 58-аг æфсадæй уæлдай ма архайдтонцæ æнæнгъæлæги уавæрти министради цæгатиристойнаг регионалон хайадæ, Росгвардий дæлхайæдтæ, Цæгат Иристони промышленнон кустуæтти минæвæрттæ ба равдистонцæ, промышленности æма гъæууон хæдзаради сæ къохти ци устур æнтæстдзийнæдтæ бафтудæй, еци бæрæггæнæнтæ.

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ!..



*Дууæ ‘рдхуарди, дууæ лæвархуари Хъуррой æма Хъæнделæ кедæр карк ку радавиуонцæ. Исфунхтонцæ ‘й, фал син æ радехтæ кæнун ба дзурдтаг иссæй:*

*– Айæ ни ке фагæ уодзæнæй, уой бæсти ‘й нæ еу ку бахуæра, уæд – хуæздæр.*

*Уæд ин Хъуррой зæгъуй:*

*– Æма ‘й нæ дууемæй ка гъæуама бахуæра?*

*Хъæнделæ расагъæс кодта æма ин равардта дзуапп:*

*– Ахсæвæ ни хуæздæр фун ка фæууина, е сæумæ карк бахуæрдзæнæй.*

*Ниххустæнцæ. Хъæнделæ ку рафунæй æй, уæд Хъуррой сосæггай исистадæй, бахуардта карк æма фæстæмæ ниххустæй. Сæумæй ку райстадæнцæ, уæд Хъуррой фæрсуй Хъæндели:*

*– Гъæйдæ, циуавæр фун фæууидтай?*

*– Мæ лимæн, дессаги фун: цума мæ изæдтæ исистонцæ æма мæ рохс бунатмæ исхастонцæ...*

*Уæд Хъуррой загъта:*

*– Æз дæр дæ тæхгæ фæууидтон. Æма уотæ бангъалдтон, фæстæмæ нæбал æрæздæхдзæнæ, уомæ гæсгæ карк бахуардтон...*

***

Махæн, Уæрæсей хъиамæтгун дзиллæн дæр нæ нуриккон «Хъурройтæ» уæхæн миутæ нæ ракодтонцæ? Советон цардарæзти фехæлди хуæдфæсте нæ «рæсугъд фунтæй» фæррасайæ-басайæ кодтонцæ – е дин æнæхайири приватизаци, е дин æндæр уæхæн фæливд «нæуæгдзийнæдтæ». Сæ кæронбæттæн ба – еци «нæуæг Уæрæсе» аразгутæ бохъ цард кæнунцæ сæ галауанти, хумæтæг адæм ба æрхъез тæгæнай фарсмæ равзурдæнцæ, тухамæлттæ кæнунцæ...



**Станислав ПОЗДНЯКОВ, Уæрæсей Олимпаг комитети сæргълæууæг – фæсарæйнаг спортсментæ Олимпиади сæхе куд дардтонцæ, уой туххæй: «Хъæбæр мæстигæр кодта, мах дарæсбæл ке ес олимпаг цæгтæ, кæцитæ уонæми ке нæ ‘нцæ, саууæнгæ е дæр...»**

– Фæсарæйнæгти барæ ес – уонæн мах алли алæмæтдзийнадæ дæр зæрдинез æй. Уомæ гæсгæ ба хуæздæр уидæ, нæ Олимпаг комитет ку багъаридæ, Уæрæсей спортсменти ке фудевгед кæнунцæ сæ Райгурæн бæсти Паддзахадон Туруса æма Паддзахадон Гимнæй, уой фæдбæл цæйбæрцæбæл хъæбæр маст есунцæ нæ дзилли зæрдитæ, е. Æма гъæддухдæрæй ку байархайиуонцæ, нæ бæстæ нин фегадæ кæнунмæ цæмæй гъавунцæ, еци æдзæсгон миутæн искæрон кæнунбæл.

**Дмитрий РОГОЗИН, «Роскосмос»-и сæргълæууæг: «Гъæуайкæнуйнади промышленнон комплекси коррупци гъæуама æфхуæрд цæуа ахæстдæнтти кедæрти исбадун кæнунæй нæ, фал фехсунтæй. Уомæн æма давунцæ нæ бæсти гъæуайкæнуйнадæй, е ‘дасдзийнадæй...»**



– Никки хуæздæр ба – еци коррупци фæлдевгути æрæмбурд кæнун æма сæ космосмæ рарветун, уой дæр уæхæн космосон науи, кæци фæстæмæ нæбал æрæздæхдзæнæй – кæдимайди ба сæ фудимелæй искæдзос уианæ. Уæхæн наутæ ба нæмæ Рогозини «разамунди» фæрци æгæр берæ дæр ма разиндзæнæй. Нæкæси, еци фæлдевгути хæццæ æхуæдæг дæр æрветгæ ‘й – «Роскосмос»-и дæр коррупций хъамилæй цъоппидзаг æй.



**Александр КАЛЯГИН, Уæрæсей театралон архайгути Цæдеси сæрдар: «Мæнæ рæстæгмæ фæззинди æгъдауи театр», зæгъгæ, ке хонун æма кæци косуй хъаугъай туххæй æма уой сæрбæлтау, еци алæмæттаг фулдæр арæзт æрцудæй телеуинунади фæрци æма æ цирингæнæг дæр е æй...»**

Номдзуд финсæг Максим Горький кæддæр, дзæнгæрæги зæлланги хузæн хъæбæр тухстæй бафарста: «Ке хæццæ айтæ, культури дæснитæ?» Абони ба уотæ фæрсун дæр нæ гъæуй, уотемæй дæр бæрæг æй: нæ культури нуриккон «дæснитæ» ‘нцæ, фулдæр æхца син ка федуй, уони хæццæ. Уомæ гæсгæ нæ кæддæри цæсгонгин æма номдзуд театртæй гириззагдæнттæ рауадæй, нæ телеуинунадæй – канализацион хæтæлтæ, нæ киноаййевадæй – æнæуагæдзийнæдти бардзæ. Æма театралон архайгути Цæдеси бон нæй еци æдзæсгонддзийнадæн кæрон искæнун, уæд ма цæмæн гъæунцæ?..

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

### ЦИ ЦÆСТÆЙ КÆСУНЦÆ ФÆСАРÆЙНÆГТÆ УÆРÆСЕМÆ?

Уæхæн фарста дзиллон цæстдард бæлвурдгæнæг Еугуруæрæсеуон центри æртасгутæ равардтонцæ уæрæсейæгти устур къуармæ. Æрфарст адæми 42% уотæ ‘нгъæлунцæ, æма фæсарæнти Уæрæсей хуарзæй хатунцæ, фал 39% уотæ зæгъунцæ, æма лæгъуз цæстингасæй кæсунцæ нæ бæстæмæ. Уой хæццæ æрфарст адæми 25% уотæ нимайунцæ, æма нæ бæсти æхсæнадæмон нимаддзийнадæ кæд федар лæууй, уæд фиццагидæр тасдзийнади фæрци, 23% – кади фæрци, 31% – еуей дæр æма инней фæрци дæр. Уæдта ма 14% ба федарæй æууæндунцæ: Уæрæсейæй дуйней неке тæрсуй æма ‘й неке нимайуй. Не ‘мзæнхонти гъудимæ гæсгæ Уæрæсей ахедундзийнадæ дуйнеуон фæзуати, фиццаги-фиццагидæр, æй е ‘фсæддон тухгиндзийнади фæрци (67%) æма Президенти гоймаги фæрци (47%), уой фæсте ба – спортивон æнтæстдзийнæдти (31%) æма културон бунти фæрци.




**39% – ÆВÆДЗИ, ХУАРЗ**

**3% – ХЪÆБÆР ХУАРЗ**

**19% – НÆ ЗОНУН, ЦИ ЗÆГЪОН**

**8% – ХЪÆБÆР ЛÆГЪУЗ**

**31% – ÆВÆДЗИ, ЛÆГЪУЗ**

Сумах ба, нæ хъазар газеткæсгутæ, куд гъуди кæнетæ аци фарстай фæдбæл? Финсетæ нæмæ уæ зæгъуйнæгтæ.

**Беслæни террористон фудбæлахи амæттæгти номерæн Бон бæрæггонд цæудзæнæй 1 – 3 сентябри. 3 сентябри ма бæрæггонд цæудзæнæй терроризми нихмæ тохи еудзийнади Бон.**

***ÆГЪУЗАРТИ Саукуй (1943-2013), финсæг, публицист: «Цæгæрати Максим... Ирон дзурди дæсни. Æ дессаги рæсугъд æвзаг æхемæ ка сайдта, еци разагъди финсæг. Зудтон æй. Æ хæццæ кустон. Еу цæнхæ æма кæрдзин фæххуардтан. Кæд си берæ кæстæр адтæн, уæддæр нæмæ буцæутæ дæр рауайидæ, фал еци дирзæг дзубанди дуккаг бон феронх уидæ.***



ЦÆГÆРАТИ Максим (галеуæрдигæй), ÆГЪУЗАРТИ Саукуй, ЦИРИХАТИ Михал, ДАРЧИТИ Дауит.

# ФÆЛТÆРÆЙ – ФÆЛТÆРМÆ Æ УАРЗОН АДÆМИ ЗÆРДИТИ ЦÆРДЗÆНÆЙ...



**ЧЕРЧЕСТИ Хъасболат,**
публицист, финсæг

***Ирон литератури зингæ бунат ахæссуй нæ республики адæмон финсæг Цæгæрати Максими берæвæрсуг исфæлдистадæ. Зундгонд финсæг райгурдæй 1916 анзи 27 августи, Алагири (Салигæрдæни). Скъолай фæсте ахурмæ бацудæй Дзæуæгигъæуи педагогон рабфакмæ, уордигæй ба – Цæгат Иристони педагогон институтмæ. Цæгæрати Максим студенттæй фиццагдæр райста, 1939 анзи Хетæгкати Къостай 80 анзи юбилеймæ ци премий нисангонд æрцудæй, уой.***

Максими исфæлдистадон фæндаг райдæдта поэзийæй. Мæнæ куд финста уой туххæй Цирихати Михал: «Цæгæрати Максими хæццæ мах хæстæгдæр базонгæ ан, Цæгирпедрабфаки литературон къуармæ ку цудан, уæд. Рабфаки ахургæнгæй, æмдзæрæни еу минкъий уати цардан цалдæр лимæнемæй – Басити Дзаххотт, Хутъинати Æхсарæ, Бæзати Илья æма Цæгæрати Максим – хестæр къурси ахургæнуйнæгти хæццæ. Гъе уотемæй нæбæл еци уати евгъуидæ ægас æхсæвæ.

Ци си кустан? Кæрæдземæн кастан нæ нæуæг æмдзæвгитæ. Лæмбунæг сæ æртастан. Еу æхсæвæ ба æнхъуæт азгъунстæй рацудан тургъæмæ, кæдзос уæлдæфæй рауолæфунмæ. Нæ рæзти гулфгæнгæ уадæй Терк. Хуæнхти 'рдигæй æрбадумидæ рæуæг думгæ. «Авд хуæри» накæгæнгæ уадæнцæ арви денгизи. Идард кæцæйдæр нæмæ игъустæй æхсæрдзæнти сур-сур æма уасæнгити гъæр. Уæдта не 'хсæнæй истахтæй зар:

*«Æнусон æрдз, ды*
*а изæр æндæр дæ,*
*Дæ тыгъд фæзтæ –*
*Цъæх гауызæй*
*æмбæрзт.*
*Æмæ куыд нæ, куыд*
*нæ цин кæна зæрдæ, –*
*Кæд хæхтæн мæй сæ*
*фæсонтæй ыслæст!*

Етæ адтæнцæ Максими нæуæг æмдзæвги фиццаг рæнгъитæ, фал фæстæдæр иссæнцæ махæн нæ алке зæрди зар, æмдзæвгæ кæрæй-кæронмæ дæр зудтан, мухури нæма фæззиндтæй, уотемæй. Зудтан æй æма хицæ кодтан æ ниффинсæг, е 'сфæлдесæгмæ. Уомæн æма си цидæр кæдзосдзийнадæ, цидæр гъар æма æхцæуæндзийнадæ адтæй...»

Фал Максими æхседгæ зæрди ци лирикон, зæрдæмæгъаргæ æмдзæвгитæ игурдæнцæ, уонæбæл еу бон æрбадтæй мæтъæлдзийнади тунæ. Райдæдта Устур Фидибæстон тугъд. Тугъди фиццаг бæнтти тохи будурмæ рандæ 'й Максим дæр. Каст фæцæй танкистти скъола. Райста лейтенанти цин. Фæстæдæр ба иссæй роти командир. Знæгти нихмæ тох кодта бæгъатæрæй. Архайдта Сталингради, Орели, Будапешти фарсмæ карз тугъдтити.

Уæлахези фæсте афицер, танкист Цæгæрати Максим тугъдвæлладæй исæздахтæй æ райгурæн Алагирмæ. Æ реубæл æрттивтонцæ тугъдон хуæрзеугутæ: Фидибæсти тугъди, Сурх Стъалуй ордентæ, майдантæ...

Максими исфæлдистадон фæндаг райдæдта 30-аг æнзти. Е 'мдзæвгитæ æма уадзимистæ мухургонд цудæнцæ ирон газеттæ æма журналти, 1940 анзи ба бацудæнцæ цалдæр автори поэтикон уадзимисти еумæйаг æмбурдгонд «Мах уарзæм»-мæ. Цæбæл финста æма цæбæл зардта æригон автор? Нæ цардбæллон фæсевæдбæл, фæллойнæбæл, адæми бæлдитæбæл. Е 'мдзæвгити игъустæнцæ тугъд æма сабурдзийнади мотивтæ. Æ лирикон хъайтар, уæдта æригон поэт æхуæдæг дæр, ард хуардта, тугъди арт ку иссодза, уæд æ уæле æфсæддон дарæс ке 'скæндзæнæй æма æ райгурæн зæнхæ знагæй ке гъæуай кæндзæнæй, уой туххæй.

Æма нæ фæссайдта æ ардбахуæрд Максим. Е, иннети хузæн, æ къохмæ райста дууæ хотухи – хуæцæнгарз æма финсæги пъеро. Фиццагæй куд архайдта, уой туххæй цубурæй загътан. Дуккагæй ба финсæги кой ку кæнæн, уæдта нæ бон зæгъун æй: Максими курдиадæ, æ арæхстдзийнæдтæ парахаттæй раитинг æнцæ Фидибæсти уæззау æма тæссагдæр æнзти. Æхуæдæг æхебæл бавзурста тугъди нæдти зиндзийнæдтæ, æхуæдæг уолæфтæй топпи хуаси бæзгин хъуæцæ, фегъуста ка мæлидæ, еци æфсæддонти гъæрзун æма нæмгути æскъот, фæууидта тоги лæсæнтæ, нæ сахартæ æма гъæути сау фунук. Æхуæдæг цудæй фæстæмæ æма æмпурста размæ. Æхе къæхтæй исбарста мингай километртæ. Æма бавзурста еци цаутæ, нæ адæми, не 'фсæддонти бæгъатæр гъуддæгутæ цардæгас хуарæнтæй равдесун.

Уобæл дзорæг æй æ тугъдон очеркти киунугæ «Хурныгуылæны». Очеркти архайгути цард хумæтæг æфсæддонтæй номдзуд инæларти уæнгæ адтæй Максимæн æхе цард, уони бæлдитæ адтæнцæ Максимæн æхе бæлдитæ.

Еци уадзимиси дзубанди цæуй, тугъди цæхæри æ уарзон Иристон куд æхсистæй, æ гъæдгæмттæ куд дзæбæх кодта, уобæл. Арф æма си раст æвдист цæуй адæймаги уодигъæдæ æма меддуйне.

Уадзимис «Сау хохы фыййау» ба 'й автори исфæлдистади никки бæрзонддæр къæпхæн. Финсæг нин ирдæй æвдесуй революцион цаутæ, адæймæгути æма сæ вазуггин меддуйне.

Уадзимис «Нæ фехъуыстон ма зæгъ»-и ба нин финсæг нæ размæ хæссуй тугъди фæсте гъæуккаг, колхози царди хузтæ. Еци уадзимисти алкæмидæр зиннуй Цæгæрай-фурти цæстингас цардмæ, æ рæстæг æма æ дзаманмæ. Ес син лирикон рахаст. Финст æнцæ ирд хуарæнтæй, рæсугъд æма зæлланггæнагæ æвзагæй.

Уотæ зæгъун æнгъезуй Максимæн æ иннæ уадзимиси туххæй дæр. Зæгъæн, æ новеллити æмбурдгонд «Хæхты» цæхæртæ калуй аллихузон поэтикон хуарæнтæй æма рохс гъудитæй. Адæймаги æнкъарæнтæ æма зæрдиуагæ æмведауцæ 'нцæ хуæнхон æрдзи поэтикон хузи хæццæ. Цубур дзурдæй, финсæги бон иссæй цардгъон фæлгонцти æнæгъæнæ галерейæ исаразун. Уонæн сæ фулдæр æнцæ нæ рæстæги цæрæг кæдзосзæрдæ адæймæгутæ.

Фал Максим айдагъ дæсни æма устур прозаик нæ адтæй. Е устур æвæрæн бахаста нæ национ киной аййевадæмæ дæр. Кинонивтæ «Возвращение Коста», «Костры на башнях», «Сын Иристона»-йи мах бæлвурдæй уинæн Цæгæрай-фурти армдзæф, арæхстдзийнадæ æма устур исфæлдистадæбæл е 'новуддзийнадæ, адæмти 'хсæн хæлардзийнадæ федар кæнунмæ æ турнундзийнадæ, æ æведуйгæ искурдиадæ æма урух цæстингастæ. Гъе уой туххæй ин бантæстæй цардæгас берæ сорæттæ исаразун дæр.

Æфсадæй ку исуæгъдæ 'й, уæд Цæгæрай-фурт æновудæй бавналдта сабур царди фæллойнæ кæнунмæ. Тугъди фæсте æнзти куста газет «Рæстдзинад»-и редакций, адтæй партий Цæгат Иристони обкоми инструктор, киунугæуадзæн «Ир»-и сæйраг редактор, ирон драмон театри директор, культури министр, журнал «Мах Дуг»-и редактор, Цæгат Иристони фингсути Цæдеси правлений сæрдар. Финсæг е 'хсæнадон архайд æнгомæй баста исфæлдистадон кусти хæццæ.

Кæрæдзей фæсте цæун райдæдтонцæ æ радзурдтæ æма уадзимисти киунугутæ: «Хурзæрин», «Сызгъæрин фæззæг», «Ацырухс», «Сау хохы фыййау» æма æндæртæ. Уонæн сæ ахсгиагдæртæй еу æй «Хурзæрин». æ идейон æма эстетикон принциптæ.

Цæгæрай-фурти гъæздуг æма берæвæрсуг исфæлдистадæ зонунцæ айдагъ нæ республики нæ. Финсæги ном зундгонд иссæй нæ бæсти еугур адæмти миллионгай киунугæкæсгутæн. Уобæл дзорæг æй, е 'нтæстгин исфæлдистадон кусти туххæй Максимæн хецауадон кадгин хуæрзеугутæ – Фæллойни Сурх Турусай дууæ ордени æма орден «Кади нисан» лæвæрд ке 'рцудæй, е дæр. Адтæй нæ республики аййевæдти æскъуæлхт архайæг æма Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон премий лауреат.

Æнæмæнгæ, гъæздуг, цæсти ахедгæ, берæкъабазгин æма устур æй Цæгæрати Максими исфæлдистадæ. Е устур бунат ахæссуй нæ адæми культури хæзнадони. Максими уадзимистæ 'нцæ æлвæст, сæ архайгутæ зиннунцæ идардмæ, адæймаг сæ неке хæццæ фейиевдзи кæндзæнæй. Е 'взаг æй гъæздуг æма æнцон кæсæн. Финсæг арæхстгай пайда кæнуй ирон адæмон лексикæй, æмбесæндтæй æма таурæхътæй, адæмон юморæй. Етæ ин аййевдæр æма гъæздугдæр кæнунцæ æ уадзимистæ.

Максим кæд абони не 'хсæн нæбал æй, 1990 анзи е 'носон дуйнемæ рандæ 'й, уæддæр æ фæсте ци берæ литературон уадзимистæ ниууагъта, уони адæм кæсунцæ зæрдиагæй æма ин алкæддæр æ ном æримисунцæ æхсицгонæй. Финсæг ба фæццæруй уæдмæ, цалинмæ ин адæм æ уадзимистæ фæккæсунцæ. Уомæ гæсгæ нæ бон зæгъун æй уотæ, æма абони дæр æма исонибони фæлтæртæн дæр сæ хæццæ ке цæрдзæнæй Максим.

* * *

***РЕДАКЦИЙÆЙ: Цæгæрати Максими уадзимистæй абони мухур кæнæн æ цубур радзурдтæ (6-аг фарсбæл). Уæдта ма уой дæр зæгъун гъæуй, æма æ уадзимистæн сæ фулдæр тæлмацгонд æрцудæнцæ уруссаг æма Советон Цæдеси адæмихæттитæй берети æвзæгтæмæ. Æма ма абони мухур кæнæн е 'мдзæвгитæй цалдæр уруссаг æвзагмæ тæлмацгондæй (7-аг фарсбæл). Ратæлмац сæ кодта БРИТЪИАТИ Аслæнбег.***




ЦÆГÆРАТИ Максими цирт Дзæуæгигъæуи Кади Аллейи.



*Зудта кæстæртæн хатир кæнун. Уарзта æ кæстæрти. Фиди зæрдæ дардта, литератури надбæл фиццаг къахдзæфтæ ка кодта, уонæмæ. Цъухи дзурдæй дæр, æнæуой æ бон ци уидæ уомæй дæр æ агъази хай бакæнидæ. Мæхецæй æй зонун, мæхуæдæг æ фарни гъуддæгутæн æвдесæн... Е мæ фæррæствæндаг кодта литературон исфæлдистади гургъахъ нæдтæбæл...*



Советон доги нæ литератури бæрзонддæр къæдзæхтæ: Сергей МИХАЛКОВ, Расул ГАМЗАТОВ æма ЦÆГÆРАТИ Максим.

# ЛÆГИ КАДÆ БÆРЗÆНДТИ ХÆССУНГЪОН АДТÆЙ...



**АСАТИ Реуаз**
**(1921-2007),**
**финсæг, публицист**

Мæ хуарз хæлар Максим!

Æз дæмæ дзордзæнæн, куд уодæгас лæги хæццæ, уотæ. Уомæн, æма дæу хузæн нæртон лæгау-лæгæн, адæмон финсæгæн, Къостай номбæл премий кæмæн исаккаг кодтонцæ, уæхæнæн мæлæн нæййес.

Æрæги бабæрæг кодтон газет «Рæстдзинад»-и редакци. Дæ кой нæмæ рауадæй. Загътонцæ мин, æзинæ, дан ин циртдзæвæн исæвардтонцæ æ циртбæл. Бацудтæн дæ рохсбадæн æносон æгуппæг рауæнмæ. Фиццаг бал дæ фарсмæ устур ирон бæгъатæр Плити Исси циртбæл мæ къох байвардтон. Уæдта дæ гъолон-молон деденгутæй фæлуст ингæни дæлфæдтæмæ дæ рази еуцæйбæрцæдæр сæркъолæй фæллæудтæн. Ирон фæткæмæ гæсгæ дин дæ циртбæл æртæ хатти сикъити мортæ æрæзгъалдтон æма фæстæмæ мæтъæлæй рараст дæн.

Цæун трамвайи æма мæ цæститæбæл уайис. Вагæнтти цæлхити гæбар-губурмæ мæ гъостæбæл цума Устур Фидибæстон тугъди гæрæхтæ уадæнцæ. Гъо, ду дæр, де 'нсувæр Гиго æма æз дæр уоми уогæй, кæд фæйнæ фронтеми архайдтан, уæддæр нæ тох ба еумæйаг адтæй нæ бон, нæ тухæ, нæ хъаурæ ци адтæй, уомæй дæрæн кодтан немуцаг-фашистон æрбалæборгути, уонæй нæ Фидибæстæ фæййервæзун кæнунбæл. Дæ еци тох цæйбæрцæбæл цитгийнаг адтæй, уомæн ба ирд æвдесæн иссæнцæ дæ фæтæн реубæл цæхæркалгæ тугъдон хуæрзеугутæ – ордентæ æма майдантæ. Æз дæ хæццæ еци æнзти, гъома, æноси æрдæги размæ, базонгæ дæн. Æз дин зæрдибунæй кастæн дæ тугъдон уацаутæ, радзурдтæ, таурæхътæ, очерктæ. Идайгæ ба ракодтай æмдзæвгитæй, ахид мин сæ кастæ дæхуæдæг дæр де 'мдзæвгитæ. Фал фæстæдæр ба де 'ргом хъæбæрдæр раздахтай прозæмæ. Уогæ дин аци жанри финст уадзимистæ минкъийдæр поэтикон нæ адтæнцæ. Уомæн ба хуæздæр æвдесæн – дæ берæ киунугæкæсгутæ. Цæгати дæр æма Хонсар Ири дæр, уæдта Уæрæсей æндæр æма æндæр рауæнти цал æма цал æнсувæрон æвзагебæл рацудæнцæ дæ аййев уадзимистæ!

Æнгаруарзагæ, цæнхæ æма кæрдзиндæттон, ирон аййев литератури, культури ирæзтбæл зæрдиагæй ауодæг. Райгурæн Иристони карнæбæл, æ ацибон, æ исонибонбæл зæрдибунæй мæтæгæнæг... Уæхæнæй дæ базудтон æма зондзæнæн. Мадта карæй дæр еу фæлтæр ан...

Уогæ æнзтæ ци 'нцæ!.. Лæг сæ куд бацæруй, æ цардцæрæнбонти адæмæн ци балæггадæ кæнуй, е æй сæйраг. Де 'сфæлдистадæ дин хуарз зонун. Фал уæддæр аци уац ниффинсуни размæ бауадтæн Республики фæсевæдон библиотекæмæ. Дæ киунугутæ дин райстон ирон æма уруссаг æвзæгтæбæл. Æма мæмæ уæхæн æнкъарæнтæ исæвзурдæй, цума бабæй дин нæуæгæй дæ армæ райстон.

Фæлдахун дин дæ роман «Райсомы мигъ»-и сифтæ. Ами финсис æма мæ цæститæбæл рауадæй дæ райгурæн Уæллагири ком:

«Мæ фидæ, нифси мæсугау, лæууис аци бон дæр мæ рази. Тухгинæй, раст лæгæй, адæмæн уарзонæй. Де 'нгæрттæй некебал ес, фал сæ кæстæртæй кæбæл исæмбæлун, етæ мин дæ кой æнæ кæугæй нæ фæккæнунцæ.

Арфиаг уо, Микъо, æгайтима дæ зæрдæ уæлæбæл ниууагътай. Дæ рохс ном дин ерун аци киунугæй».

Максим зонæ 'й, уотæ дзорунцæ дæ кæстæртæ дæхецæй дæр. Уомæн æма уæлæбæл хуарз ном ниууагътай, æностæмæ цæргæ ном!

Мæ къохи ес дæ иннæ роман «Сабыр къæвда». Инсæйæймаг æнзти дуккаг æмбеси гъæууон фæсевæди хъазауат фæллойни бонтæ, нæуæг æма зæронд доги 'хсæн карз тохтæ, æригон кизгæ æма биццеуи кæдзос уарзондзийнадæ æвдесæг уадзимис. Мæнæ еци киунугæ ба «Райгуырæн къуымы фæздæг», зæгъгæ.

Дæ хуарз æнгæрттæмæ цæстуарзон ке адтæй, уобæл дзорæг æй мæнæ аци гæгъæди дæр:

«Хъазар æмбал Асати Р.

Цæгат Иристони АССР-и паддзахадон рауагъдадæ дæ корæг æй, цæмæй нæмæ 1948 анзæн æрбадæттай курдиадæ киунугæ рауадзуни туххæй, уадзимисти темæ, киунуги ном, уæдта ма къохфинст кæд æрбавдесдзæнæ, уой дæр фæннисан кæнгæй».

Е адтæй, тугъди будури ке ниффинстон æма уæззау цæфтæй мæ дзаумæутти хурдзини ке æрхастон, еци æмдзæвгити æмбурдгонд. Рауагъдади мин бадзурд дæр искодтонцæ. Исредакци мин æй кодта мæ иннæ хуарз хæлар, хестæр æнсувæр Плити Хадо. Фал... Нæ рагфидтæлтæ, æвæдзи, дзæгъæли ке ракæнунцæ, мæсуг, дан, хе дорæй ихæлуй. Уотæ рауадæй мæ киунуги карнæ дæр. Кадæр мин æй бахъор кодта рохсмæ рауадзун. Еуæй-еухатт уотæ дæр фæууй, е ми баруагæс æй.. Беретæ хицæ дæр фæккæнунцæ. Æнæуой исфæлдистади гъуддаги æз мæ карнæй арази дæн. Ирон, уæдта æндæр æма æндæр æвзæгтæбæл рауагътон æмдзæвгитæ, балладитæ, легендитæ, поэмитæ, очерктæ æма тугъдон имисуйнæгтæ – дæс æма дууинсæй æмбурдгондей бæрцæ. Уогæ, лæдæрун æй, гъуддаг уотид сæ нимæдзæй баргæ нæй.

Мæ хуарз хæлар Максим, ду еудадзуг цийнæ кодтай ирон авторти исфæлдистадон æнтæститæбæл. Мæхе кой дæр уомæ гæсгæ ракодтон.

Ду дæхуæдæг æмдзæвги зæринигурд дæ. Фал мин ме 'мдзæвгити рифмитæ уарзтай æма, цит, игъæлдзæгæй мæбæл ку исæмбæлисæ, уæд дæ салами разæй радзорисæ мæнæ мæ аци дууæ рæнгъи:

*«Дæуæй хуыздæр нæ комы нæй*
*Æмæ дын нæу нæ комынæй…»*

Мæнæ идарддæр ци хабар ракæнуйнаг дæн, е ба 1954 анзи декабри адтæй. Дууемæй дæр (куд Цæгат æма Хонсар Иристони фингути Цæдести уæди сæрдартæ, уотæ) адтан ССР Цæдеси фингути Цæдеси XI съезди делегаттæ. Кремли фингæбæл дæр фæрсæй-фарсмæ еумæ ку бадтан, уæд, гъуди ма 'й кæнун, куд гъæр æма зæрдиагæй нихходтæ, экспромтæй дин ку загътон мæнæ аци цуппар рæнгъи:

*«Æрбауадтæ æгæр раджы.*
*Мæ хорз хæлар Максим.*
*Æвæццæгæн, Цæгæраты*
*Æрбадавы «такси»…*

... Уобæл мæ фæндуй фæуун мæ имисуйнæгтæ, Максим. Ду дæ цæхæр зæрдæ фæххастай Иристонæй. Уотемæй ба нæ куд æхсицгонæй гъæунцæ дæ зундамонæг фæдзæхститæ, дæ нифсдæттæг æма рæствæндаггæнæг дзурд...

Мæ имисуйнæгтæн кæрон кæнун, Максим, 1990 анзи сахар Цхинвалмæ Хонсар Иристони фингути Цæдесмæ сæрмагонд мæмæ æмдзæгæгондæй ци нифсæвæрæн æрбарвистай, уомæй:

*Реуаз,*
*Хъæддых фæлæуу! Уырны*
*мæ мæн: нæ Ирмæ*
*Æрцæудзæн тагъд*
*чындзæхсæвтæн*
*сæ рад.*
*Фыдлæг, фыдбон*
*нæ ахæсдзæни*
*бирæ,-*
*æртайдзæн мит,*
*æрсабыр уыдзæн уад!»*

## ЦÆГÆРАТИ Максими уадзимистæй

### МАХ ХОСТОЙ ФÆЗЗЫГОН КЪÆВДАТÆ...

Мах хостой фæззыгон къæвдатæ,
Мах хоста æрвгæрæтты уад.
Мах цагътой æгъатыр лæгмартæ, –
Нæ басаст нæ намыс, нæ кад.

Лæджы фыд хæрынæн нæ бæззы, –
Йæ фыдæлтæй баззад фыртæн.
Лæджы кад бæрзæндты фæхæссын
Мах уагътам нæ номыл цыртæн.

Æнæнцой, æнæрцæф кæстæртæ...
Нæ рацыды – кад æмæ рад.
Мах хастам бæрзæндты нæ сæртæ.
Мах хоста нæ дард балцы уад.

Ныр дæр ма нæ судзгæ хъæдгæмттæ
Фæсурынц нæ хуыссæг, нæ фын.
Ныр дæр ма нæ хæстон æмбæлттæн
Мах хъусæм сæ уæззау хъæрзын.

Ныр дæр ма нæ афтид дысбынтæн
Нæ банцад сæ дудын, сæ рыст.
Ныр дæр ма кæддæры цæнкуылтæн
У хур бон фыд-зымæгау хъызт.

Нæ сæрмæ ма сау мигъ æрбады,
Тымыгътæ ныл сыстынц нырма.
Нæ кæстæр, фыдбонтæ дæ рады
Дæ фыны дæр макуы фен, ма.

### ХАХУЫРТÆ

Æз фæцыдтæн сау хæсты,
Æз мæлæтмæ бабырстон.
Æз фæцардтæн а бæсты, –
Æз мæ хæстæ бафыстон.

Тыхст мæлæт мæ къабæзтыл, –
Байсысти йæ зæнджы тых.

Гъе, æрмæст ма а бæсты
Баззади йæ марджы пырх.

Мæн йæ азар басыгъта,
Басыгътæн кæйдæр рынæй.
О, бын бауат, хахуыртæ,
Хахуыртæ æрдæгфынæй.

Хур йæ тынтæ уафдзæни,
Хур мæ цæстæй худдзæни,
Хур мæ цæсты кафдзæни,
Хур мæ цæсты судздзæни.

Мæн кæйдæр дзых басыгъта, –
Марг уыди йæ хъæстæ дæр.
О, бын бауат, хахуыртæ,
Зайдзыстут мæ фæстæ дæр.



*ЦИРИХАТИ Михал (1919-1998) поэт, публицист: «Цæгæрати Максими исфæлдистадæн аргъгæнæг кадæриддæр адтæй, етæ, раст цума дзубанди бакодтонцæ, уой хузæн æмхузонæй æнæ бафеппайгæ нæ фæцæнцæ, финсæг нæ исонибони рæсугъди сæрбæлтау хъазауатонæй куд архайуй æма куд устур лæгдзийнæдтæ æвдесуй, уой...»*



Нæ номдзуд æфсæддон архайæг ПЛИТИ Иссæ Цæгат Иристони финсгути хæццæ фембæлди рæстæг. Дуккаг рæнгъи бæрæгастæу лæууй ЦÆГÆРАТИ Максим.

*ЦÆГÆРАТИ Максим*

# РАЗМÆ!..

Фæсарæфтæ, фæззигон бон – гъунтъуз æма мæтъæл. Дзармадзанти уæззау нæрун уайтæккæ фæппурх уй сабур думги уозæлæнти. Хæстæгæй игъусуй пулеметти къæр-къæр. Надбæл еци æскъæрæги уайунцæ хуæдтолгитæ, фестæг æфсæддонтæ æма бæхбæлбадгутæй сæ тæккæ идзаг, уотемæй... тагъд кæнунцæ размæ...

Мæнæ соса надæй еуварсгомау минкъий туппурбæл бæласи буни æ цъæх бухар ходи, æ сау сæрак пъæлитой лæууй Иссæ æма кумæдæр æдзинæг кæсуй. Бæрæг æй, цæбæлдæр ке тухсуй. Разæй дони иннæ фарс – венгриаг гъæу. Содзунцæ кæройнаг хæдзæрттæ æма сæ сау хъуæцæ нидздзæгъæлтæ 'й арвбæл.

Тухсуй Иссæ... Мæстгун кæнуй цæмæдæр. Æма куд нæ тухса, абони сæумицъæхæй нури уæнгæ æ хъазахъæгти дууæ полкки тох кæнунцæ устур цæугæдони билгæрон. Размæ æмпурсунæй син нецибал æнтæсуй. Æ тугъдонтæ еуæй-еу рауæнти бæргæ исистунцæ размæ рампурсуни зæрдтæй, фал бабæй сæбæл знаг уайтæккæдæр минитæй, дзармадзани нæмгутæй ехуарæгау дорадзагъд исаразуй. Ци гæнæн ма син фæууй, æма æрхити ауæнтти сæхе æрримæхсунцæ фæстæмæ.

Гъæу пеллон арт уадзуй, фал цума немуцæн сæ уод айдагъдæр еци минкъий гъæубæл лæууй, уой хузæн ибæл ниццæггаг æнцæ. Цæугæдони сæрти хедтæ фехалдтонцæ. Гъæуи бакомкоммæ ма ци зубути еунæг хед байзадæй, уой буни ба минитæ байвардтонцæ. Цалдæр артиллерион батарейи æнæсцохæй æхсунцæ æ бацæуæнтæ. Æставднæмуггин пулеметтæ ба ин æ фаллаг фарси æрæвардтонцæ æма етæ, хедмæ хæстæг еске ку фæззиннуй, уæд баст æрра куйти хузæн «рæйунбæл» фæццалх унцæ.

Æрæги-дурæги, æ уæлгъос æрбалæудтæй æригон майор. Æма, карз хæстуолæфт кæнгæй, радзурдта:

– Æмбал гвардий инæлар, хед минитæй ракæдзос кодтан!..

– Хуарз, – æ цæсгон фæррохсдæр æй, – уотемæй загъта Иссæ. – Артиллеристтæн зæгъæ, æма гъæуи æндаг фарсмæ, рацæуæнтæмæ хъæбæрдæр æхсонцæ.

– Игъосун! – дзуапп равардта майор æма ецирдæмæ фæннæхстæр æй.

Иссæ ма фæстаг хатт венгриаг гъæубæл æ цæстингас рахаста, уæдта æ адъютантмæ фæдздзурдта:

– Мæ бæх мин!.. Рæвдзæдæр!..

Адъютант æй куд нæ балæдæрдтæй, Иссæ бабæй цидæр ке исфæндæ кодта, уой, æма фæстæтæрæ кæнунмæ бæргæ гъавта. Фал имæ æхе фæззилдта æма никки карздæрæй фæгъгъæр кодта:

– Æз кæмæ дзорун?.. Мæ бæх!..

Адъютант нецибал загъта, хъæбæр æнæбарийæй фæннæхстæр æй, минкъий æндæдæр æрхи бæх кæми лæудтæй, ецирдæмæ. Цæстифæнникъулдмæ æд бæх фæстæмæ фездахтæй.

– Æз цæун!.. Полкти командиртæн зæгъæ – гъæуи цæгатварси сæмæ æнгъæлмæ кæсдзæнæн...

Иссæ цæргæси хузæн истахтæй æ игæрхуз байрагмæ æма еци-еу æскъардæй фæййагайдта размæ.

Уæд дин кæцæйдæр лæф-лæфгæнгæ фæззиндтæй Исси хуæдæййевæг болкъон Юрченко. Адъютантбæл æ пурхæ ракалдта:

– Цал хатти дин зæгъун гъæуй?.. Ести ибæл ку 'рцæуа, уæд дин æз дæ рагъдзар растъегъдзæнæн!..

– Ци ин мæ бон адтæй?! Зæгъун, кæд тагъддæр фæззиннисæ æма 'й ду бауорамисæ, зæгъгæ, уой æнгъæлæй фæдфæлевæнтæ бæргæ кодтон, фал... Уæхæн тъæлланг мæбæл фæккодта, - æхе ма бæргæ рæститæ кодта адъютант.

– Тъæлланг... Æма æ фæдбæл хæлеуцъухæй байзадтæ... Нур ба ма ибæл хуæцæ... Раздахæ 'й фæстæмæ... – сагъæсхузæй хъур-хъур кодта Юрченко æма æ къох мæстгун рæуигъд ракодта, уотемæй е дæр гъæуи 'рдæмæ ниййарцæ 'й, æ бæзгин гъæлæс ма уæлдæфи райзæлдæй:

– Мæ фæдбæл!.. Размæ!..

Хъазахъæгти корпуси политикон хайади хецау болкъон Юрченко хуарз зудта, уæхæн сахат Исси фæсте байзайун ци æй, уой, æма адъютантмæ дæр уой фудæй уотæ зустæй исдзурдта. Нур ба Исси бабæй сорун багъæудзæнæй, агорун. Е ба æнцон нæ фæууй уæхæн рæстæги.

Цæугæдони билгæрон нæхеуæнттæй кадæр æ автомат бæрзонд исиста, æма æ тухæ-æ-бонæй гъæр кодта:

– Ра-а-з-мæ!.. Командæгæнæг донуордæг фæцæй!.. Ра-а-з-мæ!..

Æфсæддонтæ нихххæррæт кодтонцæ. Ка – хедбæл, ка – донбæл... Бæстæ гъæр, гæрах иссæй... Топпихуаси хъуæцæ уолæфæнтæ æхгæдта...

Æ маузер æ къохи, уотемæй размæ фати хузæн тæхуй Иссæ æ игæрхуз байрагбæл. Мæнæ фæххæстæг кæнуй хедигъосмæ... Бæх размæ æ уоди бицъинæг тонуй. Кæройнаг хæдзарæй рагæпп кодтонцæ знаги цалдæр æфсæддони. Дууæ си уайтæккæдæр фæуууæлгоммæ 'нцæ. Е Исси маузер æ кусти карзи бацудæй. Немуцæгтæ цалдæремæй фæккъуар æнцæ. Иссæ сæ фæдбæл... Фиццаг... Дуккаг... Æртиккаг... Хаунцæ кезугай... Ледзунцæ уодаистæй немуцæгтæ...

Мæнæ еу хæдзари фæсдзæгатæй гъæунгмæ, æ къохи даргъгъæдæгин гранат, уотемæй расæррæтт кодта немуцаг афицер. Ци 'рцудæй, уомæн неци лæдæрдтæй æма сæлхæри ракæсæ-бакæсæ кæнуй. Бæласи ауон æхе раримахста. Зæнхæбæл æрхъан æй. Уæдта, æ гранат дæр си феронх æй, уотемæй рæзæдони 'рдæмæ ниццавта. Фæстæ фæккæсунмæ дæр æй нæбал евдæлуй... Берæ ин нæбал бантæстæй – хæрдмæ фесхъиудтæй, кинзелæ никкодта æ медбунат æма æ къемботтæ размæ бахаста.

Иссæ ма имæ еу каст фæккодта æма æ бæх цæхгæрмæ гъæунги 'рдæмæ фæззилдта.

Оперативон къуарæй Исси фæдбæл ма хеди сæрти ка æрбайервазтæй, етæ знаги æфсæддонтæй кæдзос кодтонцæ гъæуи кæройнаг хæдзæрттæ. Исси байраг исфинкæ 'й, еугур дон фестадæй.

Уæлахези цийнæ æ тухгин базуртæбæл идарддæр хаста Исси хъазахъæгти. Знаг лигъдæй Венгрий æфхуæрд зæнхæй. Æ фæсте уагъта сугъд будуртæ, æдзæрæг гъæутæ, сахарти сау æртхотæг, адæми уæззау хъонц æма тæрегъæд.

Абонсарæй уойбæрцæбæл карз тох ци гъæубæл фæккодтонцæ, е фæсте райзадæй. Разæй – нæуæг гъæутæ, нæуæг сахартæ, нæуæг нæдтæ. Етæ æнгъæлмæ кастæнцæ Советон æфсæддонмæ, сæребарæмæ.

Сæребарæ ба æнæмæнгæ уодзæнæй!.. Æ карди комбæл, æ хуæцæнгарзи гебохбæл æй хæссуй, арти ка нæ содзуй, дон ке нæ ласуй, нæмуг ке нæ есуй, еци советон æфсæддон.

Уодзæнæй, тагъд мах гъæунги дæр уодзæнæй бæрæгбон!.. Æма еци устур бæрæгбони арфи зæгъуйнæгтæ зæгъдзæнæнцæ Плити бæгъатæр Исси туххæй дæр...

*Хуæцæг æфсад. Венгри. 1944 анз.*

# ФОНДЗЕЙ КÆСТÆР

Къæсхуртæ, рацæргæ силгоймаг бадуй хуссæни фарсмæ. Æ рази къелай къохбæл дæрдгун китель хуæрзеугути хæццæ. Хæдзарæмæ æрбахезæни галеуæрдигæй къуми дууæ лæдзæги, цума сæ идард балций фæсте сæ фæллад уадзунцæ, уой хузæн сæхе фарсбæл банцойнæ кодтонцæ.

Хуссæни хуссуй æригон биццеу. Нæуæгдаст, фæлорс цæсгон. Сатæгсау сæригъунтæ пурхæнтæй лæуунцæ уорс базицъарæбæл. Тарфунæй кæнуй биццеу. Æ еу къах æ буни æрбатумбул кодта, иннæ – растæй лæууй.

Æхенимæр сосæггай кæуй мадæ. Уомæл цæститæй кæсуй æ фурти хуæрзеугутæмæ, лæдзгутæмæ.

Хæдзарæмæ æрбахизтæй синхæгти уосæ. Мадæ 'й уайтæкки нæ бафеппайдта.

– Æгайтима дæ биццеу дзæбæхæй иссудæй, - дзоруй синхаг. – Æнгъæлдæн, кæугæ кæнис?..

– Арфиаг уо, – æфсæрмигæнæгау дзуапп дæттуй мадæ, уотемæй æ сæрбæттæни кæронæй сæрфуй æ цæстисугтæ. – Бахатир кæнæ, кæстæр боц фæууй... Фондзей кæстæр æй. Иннетæй неци хабар ес... Кæсун имæ – тухсуй æ фуни. Æвæдзи, æ зæнгæ бафælладæй. Кæд æй, иннæ зæнги хузæн æ буни ку æрбатумбул кæнидæ, е фæндуй...

Мадæ æ минкъий къох арæхстгай æрæвардта фурти цæф зæнгæбæл æма æ цæстисугтæй идзаг цæститæй кæсуй æ синхагмæ.



КАДЖАТИ Вадими конд хузæ «Мадæ»



# НАРИ ЗÆНХÆ

Зæнхæ... Ци нæ фæууидтай, ци нæ бавзурстай. Арф фæдтæ, содзгæ гъæдгæнттæ, тогæрхæнтæ... Ка сæ банимайдзæнæй, ка сæ равзардзæнæй? Цард дæр дæуæй рантæстæй, ном дæр ин ду равардтай. Цал хеди æртæхи бауорæдтай, цал цæстисуги ранихъуардтай. Æвæдзи, цæхгун дæр уомæй дæ, не схæссæг, нæ дарæг зæнхæ!..

Хуæнхтæ дин уæзæ нæ кæнунцæ, денгизти дæхе не 'ртаис, лæги къахæн пакъуй хузæн фæлмæн дæ, лæги фæззиндбæл æгæрон цийнæ кæнис. Еу рауæн дæ дессаги деденгутæй тæмæнтæ калис, иннæ рауæн ба кокойнæ синдзæй æмæхгæд дæ. Кæми дæбæл болæмаргъ зæллангæй заруй, кæми ба дæбæл сау халæнттæ сæхецæн ахстæнттæ бийунцæ. Еу рауæн дæ рæзæ бæлæстæ арвмæ исхъæртунцæ, иннæ рауæн де 'носон ехтæ сæ буни искодтонцæ. Аллихузон дæ, гъолон дæ, фал кæмидæриддæр æгæрон адгин зæрдæн. Нецæбæл дин ес баййевæн, нецæмæй дин ес балхæнæн!

Мæнæ дæ берæ будуртæй еу минкъий морæ – Нари гъæу, Нари зæнхæ. Хуæнхтæ 'й фæйнердигæй нилхъивтонцæ, дæнттæ ин æ фæрстæмæ лæборунцæ. Зæйтæ, уарунтæ 'й нихснадтонцæ. Карз думгæ гъазуй æ бауæри. Лæуuй уæддæр, æ зæронд ихæлд мæсгутæй фæлгæсуй æ алливæрстæмæ. Уоми рæгътæбæл, къæдзæхти фæрстæбæл, мæгур лæги кæрци æмпъозæни хузæн зиннунцæ æхе хузæн зæнхи гæбæзтæ, игуæрдæнтæ. Алкæмæндæр си ес æхе ном, æхе нисан. Фал сæ ка зонуй ами цæргутæй уæлдай?

Æндæр æй уонæн сæ хъисмæт, сæ амонд. Уоми дæр уалдзæг мети бунæй æ сæр сдаруй дзæкъолон. Уордигæй дæр сæрди тæвди фегъусуй цæвгути скъот, фиййæутти зарун. Уоми дæр æрæгвæззæги синдзæбæл баргъæвсуй халон. Уоми дæр æхсæвæй-бонæй думгæ неуй.

Хуæнхаг фудуаг æрдзæ, æмхузон кæми нæ дæ аллирауæн дæр!

...Уойбæрцæ æрцæугæ нæма фæууидтон еу рауæнмæ...

Ка дин загъта, кæмæй фегъустай фиццагидæр еци дзурдтæ. Нари зæнхæ? Кæд дæбæл бæгъæнвад, бæгъæнсарæй ци берæ сувæллæнттæ уадæнцæ, уонæй си еске загъта? Кæд сæ, идард бæстæй дæмæ къулухæй, æфхуæрдæй ци сауцæстæ лæхъуæн æрбаздахтæй, уомæй фегъустай? Кæдæй нурмæ райгъустæй дæ кади ном Уæллагири коми Нари цæргутæй? Ке туххæй дæмæ бацæнцæ къахæхсист адæм? Тумугъ дæр сæ ку нæ уорамуй, æфцæгутæбæл дæр ку хезунцæ. Ци нæ 'взагæй дæмæ дзорунцæ, уæхæн ку нæбал байзадæй. Рагон хъинцгæнагæ уæрдунти бæсти дæмæ рæуæг хуæдтолгити ку æрбалæуунцæ. Сугъзæринттæ дæмæ ку нæййес, иннæ зæнхити гæбæзтæй уæлдай дæбæл æнахур деденгутæ ку нæ зайуй. Дæ сæрмæ рæгътæбæл уæлдæф кæдзосдæр ку æй, гъæди къохи цъеутæ рæсугъддæр ку зарунцæ, дæ синхæгти хæццæ æмхузон арви буни ку айтæ, уæд ду уотæ амондгун кæцæй фæдтæ?

Нигъгъос æй, неци дзоруй Нари зæнхæ. Айдагъдæр думгæ, хуæнхаг думгæ, цъететæй думуй, деденгути адгин тæф, æхсæрдзæнти зæлланг хæссуй æ хæццæ æма мин мæ гъоси дзоруй:

– Ами кæддæр иссугъдæй устур зæрдæ. Ниррохс кодта кæмтти наргутæ æма си бонæй-бонмæ хъæбæрдæр тавуй æ цæхæрæй адæми...

Амондгун дæ, арфæйаг дæ, Нари зæнхæ!..

**Зундгонд советон композитор, Цæгат Иристони АССР æма УСФСР-и аййевæдти æскъуæлхт архайæг Гæбæрати Гаврили фурт Илиай райгурдбæл 1 сентябри æнхæст кæнуй финддæс æма цуппаринсæй анзи (1926-1993).**

## СВЕТИЛЬНИК ЖИЗНИ

*Светлой памяти моей матери Олинка, посетившей меня в военном госпитале в марте 1944 г.*

Что смотришь с печалью,
родимая мать,
Что сердце твое онемело?
Иль сын твой, врагу
не умея воздать,
Не рвался в сражение смело?
Иль не был мой танк,
оставляя свой след,
Подобен в бою урагану?
Присядь в изголовье,
уж брезжит рассвет,
Ладонью согрей мою рану.
Светильником жизни
ты, мама, была,
И кровь моя свет твой впитала.
Ты рядом со мной
и в сражения шла,
И сердце от пуль отвращала.
Так вытри слезинки
и гордо держись,
О ранах моих не горюя.
Твоя ведь любовь
сохранила мне жизнь,
И верь, что в огне не горю я.
Кто ветер посеял,
тот бурю пожнет,
В крови захлебнется повинный,
Возмездья огонь
супостата сожжет,
Ручаюсь в том честью мужчины.
Меня ждет мой танк,
боевые друзья,
Ты братьям об этом поведай...
Щеку обжигает
родимой слеза...
Поверь, что вернусь я
с победой.

***Март 1944, госпиталь***

## И НЕТ ИМ КОНЦА...

Пора растянулась ночная,
Кормилица напрасно, родная,
Ты ждешь, от тоски причитая,
Он все не идет, не идет...

Бывает, вдруг явится ночью,
Как будто ты видишь воочью:
То в поле, то в доме хлопочет...
Но видишь ты это во сне.

И сон твой короткий, как счастье,
Как солнечный луч в день ненастья,
Исчезнет, тебе не подвластен...
А он наяву не идет...

Не видно бойца у порога,
Пропал на военных дорогах.
И снова к тебе, одинокой,
Он явится только во сне.

***1972***

## ДА, БЫЛА ВЕСНА...

О тайне сегодня пою я открыто, —
О счастье большом, что в груди моей скрыто.
Да, было давно.

Счастливый тот день, словно сон, вспоминаю,
Познал, как Куртата гостей привечают.
Да, была весна.

– О, гость из Уалладжыра! – радость я помню,
Как жданного друга встречали с гармонью.
Да, была весна.

Меня старики пригласили к застолью,
И женщины щедрость явили хлеб-солью.
Да, была весна.

От пляски джигитов и горы дрожали,
В Уалладжыр их песен слова долетали.
Да, была весна.

С гармонью пришла ты, как чуда явленье,
Как ангел, ты ввергла людей в изумленье.
Да, была весна.

Кого-то от взглядов в тот день обжигало,
И в ком-то душа от любви трепетала.
Да, была весна.

Тот день вспоминаю, в тот сказочный вечер,
Ты в сердце моем поселилась навечно.
Да, была весна.



**ЦÆГÆРАТИ Максим (рахесæрдигæй фиццаг) е 'мзæнхон хестæрти хæццæ.**

# «КÆДДÆРИДДÆР УОДЗÆНÆН УÆ ХÆЦЦÆ...»

… Уотæ 'й цард. Адæймаги адгин цард. Кæми нæ фудуагæ тумугъти рахæссуй, кæми зин нæдтæбæл, кæми ба деденæгæй фæлуст игуæрдæнти. Цард дæр уой туххæй хуннуй – аллихузон æй, æ хуарзæн дæр, æ зинæн дæр кæрон нæййес.

… Рæсугъд уалдзигон бон. Хърупси гъæугæрон. Кæддæр бæгъæнвадæй, бæгъæнзæнгæй уæситæ кæми хизтон, еци фæзæ.

Цалдæр сабийи. Сæ дзæкъолтæ кæрæдзебæл ниввардтонцæ, сæ хæдæнттæ гъæддаг кæрдтуй къалеубæл æрауигътонцæ. Бæлæути хузæн ратæхæ-батæхæ кодтонцæ. Бæстæ сæ сæрбæл исистонцæ.

Аййевæй сæмæ кæсун. Хуæрзхуз, æфснайд лæхъуæнтæ.

«Тæходуй, сумах кари ма ку уинæ!.. Гъæйдæ, æма мæ дзабуртæ фелвасон. Гæрр, нæ сæ байиафдзæнæн? Æма уæд мæ сæри уорситæ ба? Зæрондæрдæмæ æ зунд фæццудæй, зæгъгæ, ми ку зæгъонцæ, уæдта?» – гъуди кæнун æз, æма мæ мæ гъудитæ сæ уæлнихти исистонцæ, сæ рæуæг базуртæбæл мæ фæххастонцæ мæ сабийдогæмæ.

1929 анз. Уæллаг Згид. Æргъайзæн. Æрæгвæззæг. Мегъæ æнгом æрбадтæй коми, æрæнцадæй хуæнхтæбæл. Уазал сæлфунæг. Къæхтæ ресунцæ. Зæронд нимæт дæр син нецибал агъаз æй. Фонс мегъи бунæй нæбал зиннунцæ. Еуминкъий мæстгун дæн мæ фидæмæ, дуккаг анз мæ еунæг хатт дæр ке нæ бабæрæг кодта, уой туххæй. Ме 'мбæлттæ айфонмæ скъолай гъар уати бадунцæ, æз ба ме 'скъудтæ нимæти бæгъæнвадæй фонси фæдбæл… Берæгъи амæттаг фæууæнтæ, еу дæр си мабал байзайæд!

Мæ кæуындзæг мæ хъури рабадтæй. Къостай уæлигæсау мæ фæлледзунмæ берæ нæбал гъудæй. Уæдта мæ зæрдæбæл æрбалæудтæй, абони сæумæй мин не 'рвадтæлти биццеу Геуæр ци киунугæ равардта, е. Сабургай æй исистон мæ дзæкъолæй, цæмæй ма ницъцъифæ уа, уой туххæй æй нимæти къабазæй æрбамбарзтон. Киунуги фарсæй ба мæмæ мæтъæлæй искастæй ме 'нæзонгæ хъæрæу биццеу. Бугъзуртæ дарæси. Æнæ ходæй, бæгъæнвадæй. Æ къохи гъесин фæндур. Цума мæмæ уотæ дзурдта: «Ду ба цæмæй тæрсис, мæн хузæн хъæрæу ку нæ дæ? Фидæ, мадæ, æнсувæртæ дин…»

Уæдта киунуги æрмæгутæй ести ку зонинæ! Айдагъдæр æ хузтæ. Еци хъæрæу биццеуи хæццæ. Кæми – еунæгæй, кæми ба адæми 'хсæн…

Цалдæр боней фæсте, мæ киунугæ мæ дзæкъоли, Уæллагкомæй Гъевони æфцæгбæл мæ хæццæ ци гъæдин къоппа рахастон, е æ фарсмæ, уотемæй ниууагътон Æргъайзæн. Фæрсгæ дæр неке бакодтон, хуæрзбон дæр некæмæн загътон. Мæ гъостæ мæ сæригъунти бунæй нæ зиндтæнцæ, уотемæй æрхъæрдтæн Хърупсмæ, нæ хæдзарæмæ.

Æз уæд фиццаг хатт фæууидтон мæ фиди цæститæ уомæлæй. Æнæнгъæлти ке æрцудтæн, е ин кæд цийфæнди зин адтæй, уæддæр мæмæ схустæй исдзорун не 'сфæразта.

Дуккаг бон нæ синхи биццеути хæццæ скъоламæ бамедæг ан. Синдзитæбæл цума бадтæн, уотæ фæббадтæн еу урок, уæдта мæ дуккаг уроки ахургæнæг исистун кодта.

– Ардæмæ æнæ фæрсгæй цæмæн æрбацудтæ?..

Æ урок ниууагъта æма мæ скъолай хецау Битарти Евджинмæ бакодта.

– Æма нурмæ кæми адтæ?.. Игъосай, мæйи æмгъудмæ дæ уадзун. Кæд де 'мбæлтти байиафай, уæд хуарз, кенæ ба ми ма рагъаст кæнæ, – æ дзубанди фæцæй скъолай хецау…

Æз Евджини дуар мæ сæрбæл рахастон. Тъæбæрттæй нæхемæ, уордигæй – туканмæ. Уæдта, мæ нæуæг киунугутæ мæ дæлуагис бакодтон, уотемæй фæстæмæ скъолай исмедæг дæн.

Урокти фæсте мæнмæ бакæсæ – цума мæнæй лæгдæр неке адтæй, уой хузæн сæрустурæй цудтæн нæхемæ, тагъд кодтон. Ме 'рбацудмæ мæ бийнонтæ еугурæйдæр, устурæй-минкъийæй, мæ размæ рацудæнцæ. Æз мæ мадæмæ батъæбæртт кодтон æма 'й мæ хъури никкодтон…

Уотæ райдæдтонцæ ме скъолай бæнттæ. Уотæ ниууагътон хонхи мæ минкъий фиййауи лæдзæг, мæ саунæмгутæ, мæ скъелдутæ, Æргъайзæни деденгутæ, мæ гъунтъуз фæззигон бæнттæ, мæ хуæздæр хæлар Геуæри…

Цуппæрæймаг къласи ахургæнгæй, фиццаг хатт ниффинстон райони газет «Раздзог»-мæ. Мæ бон куд адтæй, уотæ ниффинстон нæ гъæуи тукангæс Габанти Хаджумари хуарз кусти туххæй. Дуккаг бон мæ уадзимис рæсугъд рамки хурфи æвæрдæй фæззиндтæй æ тукани фарсбæл.

Фал гъуддаг еци финстбæл нæ рахецæн æй – скъолай мæбæл уацхæссæги ном исæвардтонцæ. Нур дæр ма мæ гæгъæдити хæццæ æфснайдæй лæуунцæ Хутъинати Цæппой æма Дзадтиати Тотурбеги къохфинститæй хунди билеттæ. Уæд етæ дууемæй дæр кустонцæ «Раздзог»-и редакций.

Еци бæнтти райони уацхæсгути æмбурди базонгæ дæн, æнсувæрти хузæн ке хæццæ фæццардан, еу хæдонæ дæр нин урух ке хæццæ адтæй, еци кæдзосзæрдæ, искурдиадæгин лæхъуæн – Басити Дзаххотти хæццæ.

Еумæ рандæ ан Дзæуæгигъæуи рабфакмæ дæр. Кочисати Мухарбег, Калоти Хазби, Муртазти Барис, Цæрукъати Александр, Цирихати Михал – берæ фæсевæд адтæй еци æнзти Дзæуæгигъæуи, литературæмæ е 'ргом ка 'здахта, уæхæнттæ. Нæ кæрæдзей цийнæбæл цийнæ кодтан, не 'мбали лæмæгъдзийнадæ нæ еугуремæн дæр уидæ зин.

Уæдта… (О, еци «уæдта»! Аллихатт æ фæдбæл ести æнæрасайгæ нæ фæууй!) Нæ нæдтæ аллирдæмæ фæццудæнцæ…

… Хор ранигулдæй. Æз фæстæмæ æздæхун Хърупси дони билæй. Еунæгæй нæ – мæ гъæуи сувæллæнтти хæццæ, цъæх фæззæбæл гъазгæ ке æрбаййафтон, еци цæрдхуз сабийти хæццæ.

«Финсæг… Цума нæуæгæй ци косуй нуртæккæ?» – биццеутæй еу инней сабургай фæрсуй.

Финсæг… Уотæ мæ хонунцæ етæ, уотæ мæ гъæуама рахононцæ сæ хестæртæ дæр. Ци ма ес уомæй кадгиндæр, устурдæр ном. Тæходуй, еци номи аккаг ка фæууй, æ зар адæми зæрдæмæ кæмæн багъаруй!

Хор ранигулдæй. Æз цæун мæ кæстæрти хæццæ. Аййевæй мин кæсунцæ мæ сæри уорситæмæ.

Ма си фæттæрсетæ! Еунæгæй мæ ма ниууадзетæ! Æз кæддæриддæр уæ хæццæ уодзæнæн!

***ЦÆГÆРАТИ Максим,***
***1966 анзи, 14-аг январь.***

**Игъустгонд поэт, публицист, этнограф, рохситауæг Хъанухъти Дудари фурт Инали райгурдбæл аци анз æнхæст кæнуй дæс æма астинсæй анзи (1851-1899).**

***Алли анз дæр сентябри фиццаг бæнтти Мæскуй цæрæг дзиллæ æримисунцæ, 2004 анзи Беслæни фиццаг скъолай террористон фудбæлахи ци адæм бастъалдæй, уони рохс нæмттæ. Аци анз дæр 3 сентябри нæ бæсти сæйраг сахари Алайнаг ковæндони арæзт æрцæудзæнæй саударæн æмбурд, æма ма æндæр номерæн мадзæлттæ.***

# ЦÆМÆЙ ÆДАС УОНЦÆ НÆ КÆСТÆРТÆ

Еци бон скъолай тургъи сæ кæстæрти цийнæбæл бацийнæ кæнунмæ ка æрæмбурд æй - скъоладзаутæ, сæ ахургæнгутæ, сæ ниййергутæ æма ма берæ æндæр адæм сæ кæстæрти цийнæбæл бацийнæ кæнунмæ, уони еци тогмондаг лæгсирдтæ амæнати байстонцæ, æртæ суткей дæргъи сæ фæгъгъезæмарæ кодтонцæ. Æртиккаг бон, ци спортзали сæ дардтонцæ, е ниггупп кодта мæлæтхæссаг фехалдæй. Еци гупп ниддæлæлай кодта æнæгъæнæ дуйнæбæл, æвæдзи, нæбал байзадæй, дзилли зæрдитæ уæззауæй-уæззаудæр ристæй кæми нæ ниддиз-диз кодтонцæ, уæхæн бæстæ. Еци рист абони дæр нæ нидæн кæнуй...

Беслæни 2004 анзи сентябри ци фудбæлах æрцудæй, уой зæрдæбæл даргæй, нур архайун гъæуй, цæмæй уæхæнæй мацибал æрцæуа. Мæнæ бабæй æрбахæстæг æй ахури нæуæг анзи райдайæн. Уомæ гæсгæ ба æрæги террористон фæззиндтитæ ма æруадзуни фарстати фæдбæл республикон къамиси æма республики Оперативон штаби æмбурди ци фарстати фæдбæл цудæй дзубанди, уонæн сæ сæйрагдæртæ адтæнцæ ахури анзи райдайуни æма æвзурстити гъæлæс кæнуни фæдбæл дзиллон мадзæлтти рæстæг террористон фæззиндтитæ ма ‘руадзуни нисанеуæгæй уæлæнхасæн профилактикон æма æндæр сæрмагонд мадзæлттæ исаразуни фарстатæмæ.

Нæ республики Сæргълæууæги агъазгæнæг Олег Баранов æ радзубандий куд фегъосун кодта, уотемæй профилон ведомствитæ уæлæнхасæн мадзæлттæ аразунцæ скъолатæ, рæвдауæндæнттæ æма иннæ ахурадон косæндæнтти террористон фæззиндтитæй æдасдзийнади системитæ фæгъгъомусгиндæр кæнунæн. Еци косæндæнттæн сæ фулдæр хай нерæнгæ исæнхæст кодтонцæ уæлæнхасæн техникон цæстдарди системитæ æвæруни куст. Аци бæнтти цæстдарæг ведомствити минæвæрттæ никкидæр ма æрзелдзæнæнцæ еугур ахурадон косæндæнттæбæл дæр




æма исбæрæг кæндзæнæнцæ, террористион фæззиндтитæй æдасдзийнади фæдбæл амунддзийнадтæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уой.

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма еуæй-еу ахурадон косæндæнтти аци фарстабæл, куд гъæуй, уотæ архайд нерæнгæ нæма цæуй, æма сæ разамонгутæн байхæс кодтонцæ, цæмæй нæхъæртондзийнадтæ еуварсгонд æрцæуонцæ хæстæгдæр рæстæг.

Æмбурди ци дзубанди рауадæй, уомæн хатдзæгтæ кæнгæй, Сергей Меняйло профилон ведомствитæ æма сæрмагонд службити разамонгутæн бафæдзахста, цæмæй гъæуагæдзийнадтæ афойнадæбæл бæлвурдгонд цæуонцæ æма сæ райеуварс кæнуни фæдбæл ахедгæ мадзæлттæ æвæстеуатæй аразонцæ. Уой хæццæ ба ма æ радзубандий бафæдзахста:

– Фарстамæ бардарæг еугур структуритæ дæр нæуæг ахури анзи райдайæнмæ гъæуама исбæлвурд кæнонцæ алкæци ахурадон косæндони террористон фæззиндтитæй æдасдзийнади къæпхæн дæр. Гъулæггагæн, зæрдресгæ фæлтæрддзийнадæ нæмæ ес. Æма, уой зæрдæбæл даргæй, уæ еугуремæ дæр седун: гъæуагæдзийнадтæ æма лухкæнуйнаг фарстатæмæ уæлæнгай цæстæй макæд ракæсетæ. Лухкæнуйнаг фарстатæ ку уа, уæд æй банивæбæл кæнунæн гъæугæ мадзæлттæ дæр афойнадæбæл исаразæн ес. Адæми æдасдзийнади фарстатæмæ гъæуама уа фиццаградон цæстдард.

**ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆ, ÆМБАЛ КÆМÆН НÆЙЙЕС, УÆХÆН ХÆЗНА ÆЙ!..**

# ЦАРДÆФСЕС ДÆТТÆГ НИУАЗУЙНÆГТÆ



***Аллибон адæймаги организми тæнгъæдæ гъæуй 2,5 литри. Сæрдигон ба, анзи иннæ афæнттæй игъаугидæр уомæй фулдæр фæййагоруй зæрдæ. Уомæ гæсгæ, цæмæй тæвдæ бони æдонуг басæттай, уой туххæй агорун райдайæн нæ уарзон ниуазуйнæгтæ. Еуетæ æновуддæр æнцæ ниуазуни æма сауæрдæнттæбæл, иннетæ ба цумунцæ цай, ниуазунцæ рæзи дæнттæ, цуппæрæймæгтæ æхцæуæнæй ниуазун райдайунцæ уазал бæгæни. Фал ке ранимадтан, уонæй фулдæр хæттити æдонуг басæттæн нæ фæууй. Мадта, циуавæр ниуазуйнæгтæ тох кæнунцæ еугуремæй хъæбæрдæр сæрдигон, хори содзгæ тунтæмæ нæ уодхарæй нæ ка фæммаруй, еци æнæбасæтгæ æдонугбæл?***

## АЛЛИХУЗОН ДÆНТТÆ

Рæзи, гагарæзи æма халсарти дæнттæ ‘нцæ дессаги комуазалгæнæн ниуазуйнæгтæ. Уонæми ес витаминтæ æма цæнхитæ, адгин антисептиктæ æма аминотауæггæдтæ дæр. Рæзи дон æй рæуæг хуайраг, бæлвурддæр ба ниуазуйнаг, организми æнцонæй ка батайуй, уæхæн бауæргъæдтæ имæ ке хъæртуй, уой туххæй.

Гъай-гъай, еугуремæй хуæздæр æй нæуæгæлæмæрст рæзи дон ниуазун. Фал тукæнтти ци рæзи дæнттæ фæууæйæ кæнунцæ, етæ сæ хуæрзгъæдæдзийнадæмæ гæсгæ нæуæглæмæрст рæзи дæнттæй берæ изолдæр нæ лæууунцæ. Ци ниуазис, уой цæмæй базонай, уой туххæй 2001 анзи 1 январæй фæстæмæ нæуæг ГОСТ ес нæ бæсти. Нур финст «натуралон рæзи дон» фæууиндзæнæ, айдагъдæр сæкæр æма лимони тауæггадæ кумæ нæ хъæртуй, уæхæн продукттæбæл. Иннетæ ‘нцæ нектартæ, фал етæ дæр бустæги лæгъуз нæ ‘нцæ.

Уавæр уотæ ‘й, æма кæцидæр рæзæй рæзи кæдзос дон нæ рауадздзæнæ. Рæзи дони æма нектари хецæндзийнадæ уоми ес, æма натуралон рæзи дони пайдайаг хай фæууй 100 процентти. Нектар цæттæгæнгæй ба, исхæлæмулæ унцæ натуралон рæзи дæнттæ, сæкæр кенæ муд, натуралон адгингæнæнтæ, хуайраги тауæггæдтæ, хуарæнтæ, хуæрздæфгæнæн бауæргъæдтæ. Уой хæццæ, рæзи æма халсарти фулдæр хай фæууй 25-50 проценти.

## ЦАЙ

Адгин ка нæ уа кенæ кæрдæгхуз цай, уæдта кæрдæгутæй цай хуарз агъаз кæнунцæ тæвд рæстæги. Адæймаги цардархайд гъæддухдæр кæнуй каркадэйи (сурх цай) деденсифтæй цай дæр. Æ деденсифти лимони тауæггадæ ке ес, уой туххæй ком уазал кæнуй айдагъ тæвдæ рæстæги нæ, фал ма уæлдæргонд температури дæр, уæдта маруй кæцидæр незхæссæг организмти дæр. Сатæггæнæн ниуазуйнаги хузи еугуремæй хуæздæр æй тæвдæ сурх цай цумун, кенæ ба уазал каркадэ сæкæри хæццæ.

Кæрдæгхуз цай айдагъ æдонуг нæ сæттуй, фал ма организм гъæздуг кæнуй витаминтæй, минералон бауæргъæдтæ æма



берæ æндæртæй. Е æй, витаминтæ С, Р, РР æма къуар В-йи берæ витаминтæ кæми ес, уæхæн ниуазуйнаг. Кæрдæгхуз цай фицгæй, уоми сау цаййæй дзæвгарæ фулдæр байзайунцæ минералон бауæргъæдтæ. Япойнæгтæ нимайунцæ, зæгъгæ, сæкæр æма æхсир кæрдæгхуз цайии кæрæдзей хæццæ нæ федаунцæ, хуæздæр, дан, æй уой муди хæццæ ниуазун.

## САУÆРДÆНТТÆ

Диетологтæ куд нимайунцæ, уотемæй цаййæй уæлдай хумæтæги сауæрдæнттæ дæр хъæбæр хуарз сæттунцæ æдонуг. Ниуазуни донæй хецæн кæнунцæ




уомæй, æма си ес, организмæн пайда ка ‘й, уæхæн минералон бауæргъæдтæ. Уомæй уæлдай, етæ ‘нцæ калорийгин дæр. Фал сæ нæ гъæуй æгæр уазал кæнун. Дохтиртæ куд амонунцæ, уотемæй сæрдигон уæлдай ахиддæр фæззиннуй хъуртинез.

## БÆГÆНИ

Бæгæни ниуазун æй адæймаги рагон традици. Тигр æма Евфрати ‘хсæн шумертæ кæми цардæнцæ, уоми археологтæ иссирдтонцæ, берæ æностæ кæбæл цæуй, уæхæн дортæ, æма сæбæл финст адтæй, бæгæни куд кæнун гъæуй, е. Задæй фунхт цудæй бæгæний дзол – баппир, уой фæсте æй листæггондæй никкæниуонцæ боцикъай, дон дæр ибæл рауадзиуонцæ æма



æй æнгъезунмæ ниууадзиуонцæ.

Рагон цæргутæ бæгæни ниуазтонцæ тростникæй конд сæрмагонд хæтæлтæй, цæмæй, ка нæ батадæй, еци цъæмæлтæ æма хуари гагатæ ма хъор даронцæ хуæрзадæ ниуазуйнагæй мондæгтæ исуадзунæн. Славянæгтæмæ ба бæгæний туххæй ци кой байзадæй, уой рахæссæн ес 448 анзмæ. Уæлдай хъæбæрдæр бæгæнифицæнтæ рапарахат æнцæ IX æноси Уæрæсей новгородаг зæнхити.

Гъай-гъай, бæгæни æгæр берæ ниуазæн нæййес. Иронх кæнун нæ гъæуй, уой пайда уæд уодзæнæй, æма ‘й минкъий бæрцæй ку ниуазай. Фал бæгæни бæззуй айдагъдæр æнæнез адæймагæн. Ахсæни гъæдгомæй, гастритæй æма уæлдæр тауæггадæй ка сæйуй, уонæн аци ниуазуйнаг зиан хæссуй æма сæ бæгæний дæлбардзийнадæй гъæуай кæнун гъæуй.

Фал адæм цæйбæрцæ ‘нцæ, уал æнкъарæни сæмæ ес. Сæйрагдæр æй, ци ниуазис, уой адæдин гъæуама æхцæуæндзийнадæ хæсса. Уомæн æма, уой хæццæ сумах ранихъуæрдзинайтæ уæ хуæздæр æнкъарæнтæ, уæ рахаст фæххуæздæр уодзæнæй, æма е хуарзæрдæмæ фæззиндзæнæй уæхе лæдæрундзийнадæбæл.

***БЕСЛЕХЪОТИ Ирæ,***
***дохтир.***

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».**

**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службi Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№1940.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 26.08.2021.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 26.08.2021.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**

**Использование материалов допускается только с разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету «Дигора» обязательна.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**

**Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

**Ответственность за опубликованные материалы, рекламу и объявление несет автор.**